ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№152-153 (23.561) ● 2017 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 10, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Налшык къалэ округым и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щхьэщыхьыжыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

«Ветеринарием и Iэхуэкlэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м ипкъ иткIэ, Налшык къалэ округым и щIыналъэм хьэщхьэрыIуэ узыр зэрыщагъэкIуэдам къыхэкIыу:

1. Мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьжын Налшык къалэ округым и щIыналъэм щыщу Маяковскэм, Уэлджырым, Толстоим я уэрамхэм, Къэбэрдей уэрамым я къуэхьэм къриубыдэ Iыхьэм.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Налшык къалэ округым и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукlэ» 2017 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа унафэ №53-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм шыщхьэуIум и 9-м
№86-РГ

Налшык къалэ округым и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Налшык къалэ округым и щIыналъэм хьэщхьэрыIуэ уз зэуэлIа псэущхьэ щыIэу къызэрахутам къыхэкIыу, «Ветеринарием и Iуэхукlэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям тету икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщIым 2017 гъэм шыщхьэуIум и 4-м №938/02-1547-м щIэту къыгъэхьа тхыгъэм ипкъ иткIэ, хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдын мурадкIэ:

1. Налшык къалэ округым и щIыналъэм щыщу къуэхьэпIэмкIэ Налом и уэрамым, ищхъэрэмкIэ Щоджэным и уэрамым, къуэкIыпIэмкIэ Малэ уэрамым, ипщэкIэ щIыпIэ Iэнэщым я къуэхьэм къриубыдэ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) махуэ 60 пIалъэкIэ щыгъэувын.

2. Карантиныр щыщIыIэ зэманым мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щIыпIэм унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм джэдухэмрэ хьэхэмрэ, къыщрагъэкIухьыну, псэущхьэхэр щагъэхьэкIэуну, апхуэдэу унагъуэ псэущхьэмкIэ сату щащIыну хуиткъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдыным хуэгъэзэ Iуэхуэхэр Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм щIыгъуу зэхилъхьэу игъэзащIэну.

4. Мы Унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм шыщхьэуIум и 9-м
№87-РГ

● Лыгъэ

Локъуэ Харитон псори ирогушхуэ

Налшык къалэм щыщ зауэлI-интернационалист Локъуэ Харитон илэжьа зыхуэбгъэдэн щымыIэ Iуэхур - зэрыныкъуэдыкъуэм щхьэкIэ къимыгъанэу парашютклэ къызэрельэр хуигъэпсащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъуэм.

Афганистаным щекIуэкIа зауэм ныкъуэдыкъуэ хэхъуэхьахэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и «Ветеран» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Былымгъуэт Бесльэн абы теухуауэ жиIащ: «Мы Iуэхум сэ хуабжьу сегъэпIейтей: ныкъуэдыкъуэу, уи ныбжьыр илъэс 54-м нэсауэ апхуэдэ Iуэхум зеппщытыну тыншкъым. Ауэ псори хъарзынэу зэфIэкIащ икIи Локъуэм нобэ дрогушхуэ».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Мэшыкъуэ-2017

Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр ягъэлъапIэ

Мэшыкъуэ щекIуэкI щIалэгъуалэ зэхьхьэм щыщхьэуIум и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр щагъэлъэпIащ. Лъэпкъ къафэхэмкIэ, ерыскъымрэ щэнхабзэ беймкIэ гъэнщIауэ щыта а махуэр гуимыхуж хъуат.

УТЫКУМ и зы лъэныкъуэм лъэпкъ шхыныгъуэхэр берычэту зытелъ Iэнэхэр къызэрыщегъэувэкIам къыщынэмыщIауэ, ахэр зэрапщэфIым и щэхуэхэр ныбжьыщIэхэм къащIэнуи Iэмал яIащ. Утыкум и адрей Iыхьэм Шэджэм щIыналъэм сабий творчествэмкIэ и ешдагIэм и гъэсэн щIыкIуэм я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIагъэн къыщIэзIуахат. Абы щIыпIэкIуэнут упщIэм къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр, щыкIэ зэIуща гуащхэр, алэрыбгъуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм щIэныгъэ гуэдзэныкIэ и центрым щеджэ щыкIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри утыку кърахьат. А егъэджакIуэ Iэпэ Iэсэхэм уагъэ зэрызэIуащIэр, дыщэидэ зэрыщIыр абдеж щагъэлъэгъуащ.

- Ди республикэм къыбгъэдэкIыу мы гъэм щIалэгъуалэ зэхьхьэм цIыху 205-рэ къэкIуащ. Абыхэм я щIэныгъэм хагъэхъуэну, къыхалъхьэ Iуэхуэгъэ гъащIэм хапщэну хущIокъуу. Шэч хэмылъу, дэри ди гуапэ хъунут абыхэм я мурадым гъащIэ игъуэтыну, ауэ мы зэхьхьэм ахущэрыкIуа къудейр куэдкIэ къахуэщхьэпэнущ. НыбжьыщIэхэм я проектхэм унэтIыныгъэ куэд къызэщIабыдэ - спорт, егъэджэныгъэ, творчествэ, гъэсэныгъэ. Мы гъэм гулыитэ щхьэхуэ хуащI гупым яхэмызагъэ ныбжьыщIэ еIуящIэхэм ядэIэпыкъуным, - къыджиIащ КъБР-м икIа гупым я унафэщI **Кабуловэ Зитэ**.

Анзори хуабжьу дыхуэарэзыщ.

Мы гъэм къэкIуа сабийхэр 9-нэ классым щIэс зэклассэгъуэрщ. Ялъагъу псори яфIэгъэщIагъуэну я махуэхэр зэрыкIуэм къеГъэлъэгъуэ яIуэтэжынрэ ягу къагъэкIыжынрэ я куэду зэрыкIуэжынур.

- Сэ я ныбжь сабийхэр аращ Налшык, - жиIэ гупым я пашэ бзылъхугъэ, егъэджакIуэ Натхъуэ Симэ. - Сабийхэми сэри Къэбэрдейр хуабжьу дигу ирихьащ, и хьэуари кIабэзэщи, и щхьэантIагъэхэри дахэщи, гум зимыгъэнщIу апхуэдэщ. Гулъытэрэ пщIэуэ къыгъуащIым тIокIу дегъэхуекIытэж, дыкъэзыгъэблэгъахэр апхуэдизкIэ къытхуэнабдзэгубдзаплъэщи. Тхьэр арэзы къахухъу. Сабийхэм ялъагъу псори яфIэтельыджэщ, иджыри екъэжакъыми, етIуанэу къызэрытрагъэзэным и Iуэху зэрахуэ. Щхьэпэ дыдэу къызэолъытэ Иорданием, Тыркуи, мэздэгу адыгэхэм ящIащ сабийхэри дыдейхэри зэгуусэу къызэрырагъэблэгъар. Хьэрыпхэм, тыркухэм, журтхэм, урысхэм яхэс сабийхэр адыгэбзэкIэ зэпсэльэн фIэкIа нэгъуэщI Iэмал иIэкъыми, зэрыхъум хуэдэу зэгуроIуэ, ныбжьэгъу зэхуэхъуэхэщи, анэдэлхубзэр нэхъыбэу къагъэсэбэн, зрагъащIэ.

НыбжьыщIэхэр редакцэм нэжэгужэу щIэкIыжащ Абхъазым и утым щекIуэкI бэрэжьей джэгум хэтыну.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

КъБР-м и махуэр Мэшыкъуэ щыщагъэлъапIэм ди республикэм къыбгъэдэкIыу абы хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр **Емуз Нинэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, олимп чемпион **Къардэн Мурат**, режиссёр, композитор **Хьэжьрокъуэ Сулътан** сымэ. Ахэр хэгъэгум и щIыуэпсым иIэ ныкъуэсныгъэхэм, егъэджэныгъэ Iуэхум, Мэшыкъуэ утыку къыщрахьэ лэжьыгъэхэр республикэм зэрыщагъэзэщIэным, зэрызыщрагъэужьыным, нэгъуэщIхэми тепсэльыхьащ.

- Хуабжьу си гуапэ мэхъу, къэрал Iуэху зеэныхьэфын куэд къызэрыфхэтыр. Фи проектхэр пхьыбгъэкIауэ фыкIуэжмэ, ар гъэзэщIэныкIэ дыдэIэпыкъунущ, - жиIащ Емуз Нинэ.

ЩIалэгъуалэр апхуэдэ зэхьхьэ инхэм зэрыкIуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм теухуауэ щытащ Геккиев Заур жиIари. Абы и псалъэм къыхигъэщащ ди республикэр куэдкIэ зыщыгугъ щIалэгъуалэ зэриIэм зэрыригушхуэр.

- КъыхэзгъащIу сыхуейт зы илъэсым нэхърэ адрейм мы зэхьхьэр зэрефIакIуэр, нэхъ гъэщIагъэуэну къызэрызэрагъэпэщыр. Фэ къыфщIыгугъ хэгъэгур зэрывмыгъэщIэхъуныр быдэу си фIэщ мэхъу, дэ куэдкIэ дыфщогугъ. Мыри зыщывмыгъэгъупщэ: гуп ухъуу зыгуэр зэбгъэхъулIэну нэхъ тыншщ, уи закъуэу зыгуэр, - жиIащ Къардэн Мурат.

Хъыжьрокъуэ Сулътан жиIащ: «Дэ дызэкъуэзыгъэувэр ди республикэм, къэралым дахуэщхьэпэну дызэрыхущIэкъурц. Мурад фщIам фызэрыхуэкIуэр мы зэхьхьэм наIуэ щохъу. Нэхъыщхьэр гъуэгу пэжым фытемыкIынырщ, къэралым къыфхуищI дзыхьыр вгъэпэжынырщ».

«Мэшыкъуэ-2017» щIалэгъуалэ зэхьхьэм и пресс-Iэнатlэ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуlум и 10, *махуэку*

♦**Эквадор Республикэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ**. 1809 гъэм ар Испанием къызэрыкIам теухуа унафэ къащтащ, ауэ къэрал щхьэхуит щыхъупар 1822 гъэрщ.

♦**1793 гъэм** дунейм и музей нэхъ ин дыдэхэм ящыщ, Париж дэт Лувырыр цIыхухэр щыхьэну, абы зыщапльхьыну хуиту къызэIуахащ.

♦**1833 гъэм** Чикагэ и лъабжьэр ягъэтIылъащ. А зэманым ар цIыху щитI иримыкъу щыпсэу Уинди-Сити къуажэ цIыкIуат.

♦**1876 гъэм** Канадэм щыщ Онтарио штатым и Брантфорд къалэм дунейм щыяпэу телефонкIэ ипсэлъыкIри, Белл Александр зыпищIащ абы километр 13-кIэ пэжьжьэ Париж къалэм.

♦**1889 гъэм** Инджылызым щыщ Райлэндс Дэн зи щхьэтепIэр щхьэщыпIуантIэ хъу птулькIэ къызэрыгупсысам щыхьэт техъуэ тхыль къратащ.

♦**1921 гъэм** РСФСР-м пощт маркэхэр къыщыдагъэкIыу щIадзащ.

♦**1985 гъэм** Джексон Майкл доллар мелуан 47,5-кIэ «Битлз» гупым и уэрэд псори къищэхуащ.

♦Урыс, совет тхакIуэ **Зощенкэ Михаил** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI **Нало Ахьмэд-хъан** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкIэ щыщ зиIэ и лэжьакIуэ **Емуз Гъузер** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, «Горянка» газетым и ятIонэрэ редактору щыта **Сэбаншы Роззэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр щIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Стриженов Олег** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Литературовед, Дагъыстэным щыIэх зиIэ и егъэджакIуэ **Ержыб Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Къэрал къуплькъущIэ, политик **Собчак Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Сирием къикIыжа щIэныгъэлI, тхакIуэ **Къумыкъу Мамдух** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, режиссёр, тхакIуэ **Смехов Вениамин** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мызэщ Борис** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, тхакIуэ, «Адыгэ амазонкэхэр» романыр зи Iэдакъэщ1кI **Ахьмэт Мувез** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Испанием къыщалъхуа, США-м щыпсэу киноактёр цIэрыIуэ **Бандерас Антонио** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм и градус 31 - 32-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуlум и 11, *мэрем*

♦**1845 гъэм** Урысейм щыяпэу Петербург щаIащ бахъэкIэ лажьэ мафIэгъу. Ар трагъэвуауэ щытащ Петербургрэ Москварэ зэпызыщIэ гъущI гъэзгум.

♦**1928 гъэм** Москва къыщызэIуахащ Ябэ союзпсо спартакиадэр.

♦**1959 гъэм** Москва къыщызэIуахащ «Шереметьево» аэропортыр. Абы ябэу къыщетIысэхащ Ленинград къилъэтыкIа Ту-104 кхъухьлъатэр.

♦**1973 гъэм** СССР-м телевиденэ нэхъыщхьэм игъэлъэгъуэн щIидзащ, серие куэд хъу «Семнадцать мгновений весны» фильмыр. Семёнов Юлиан и повестыр и лъабжьэу ар игъэуват Лиозновэ Татьянэ.

♦**1979 гъэм** Днепродзержинск къалэм пэмыжьжьэу уэгум щызэхьэхуащ Ту-134 кхъухьлъатитI. Абыхэм иса цIыхуи 178-р иукIащ, Ташкент къалэм и «Пахтакор» командэм щыщ футболист 17-ри абыхэм яхэту.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къаздэхъу Сулътан** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Пакистаным и президенту щыта **Мушарраф Первез** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, РАЕН-м и членкорреспондент, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елгъэр Анатолий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Дзыхьмыщ1 Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Кфар-Камэ щыщ ди хьэщIэхэр

● Лъэпкъ Iуэху

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щохьэщIэ Кфар-Камэ къуажэм (Израиль) къикIа сабийхэр Адыгэ бзаджэ редакцэм и хьэщIэщым щыригъэблэгъащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд.

ГЪУРКЪУЖЬХЭ, Лыщ1эхэ, Щоджэнхэ, Тхьэухьуэхэ, Жэмыфхэ, Бжьэдыгъухэ, Хьэтыкъуейхэ, Натхъуэхэ, Ачмыжьхэ ящыщ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ Мухьэмэд щигъэгъуэзащ зи унафэщI газетым и редакцэм щекIуэкI лэжьыгъэм. Газетыр тхьэмахуэм тхуэ къызэрыдэкIыр, тхыгъэхэр нэхъыбэу адыгэ Iуэхум теухуауэ зэрыщытыр, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъыгъуэхэм я дежи щIэхьщIэхыу зэрынэсыр жиIащ Мухьэмэд. Езыр Израилым блэнейрэ зэрыщыIар, абы щыпсэу адыгэхэр фIыуэ зэрицIыхур, я псэуклэм зэрыщыгъуаззэр къыхигъэщри, хэкужьым ис адыгэхэм я щыIэкIэр яхуиIуэтащ.

НыбжьыщIэхэр яфIэгъэщIэгъэнхэмкIэ ещIащ редактор нэхъыщхьэм икIи абы жэуапхэр къаритащ. КъищынэмыщIауэ, абыхэм къыджалэжащ тхьэмахуэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щалъэгъуачэр ягу зэрырихьар, хуабжьу я нэгу зэрызрагъэужьар. «Iащхьэмахуэ лъапэ, Гуэл щхъуантIэхэр щыпIэ телъыджэщ, хэкум и дахагъэр мис абдеж щытлъэгъуащ, апхуэдэуи къызэпаи дыдэтати, хэкурысхэм я нэжэгужагъэ, я гуапагъэр зыхэзгIащ», - жаIащ ныбжьыщIэхэм.

Кфар-Камэ дэсым и процент 90-р шапсыгъащ, ныбжьыщIэхэм къэбэрдей диалектыр я щIэщыгъуэщ. АдыгэбзэмкIэ дерсхэр драгъэкIуэкI абыхэм, икIи къыхагъэщ нэхъ зэхащIыкI зэрыхъуар. Тыркум, Иорданием, Осетие Ищхъэрэ - Аланием къикIа адыгэ сабийхэм я гъусэу «Къурш псынэм» щыIуэ араущи, ахэри ныбжьэгъу ящхъэхуащ, бзэр зрагъэщIэныкIэ сэбэп мэхъу а гупыр махуэ псом зэрызэщIыгъур.

- КъБР-м Граждан зыкIагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и управленэм дыкъригъэблэгъауэ дыщыIэу араущ дэ хэкужьым, - жеIэ гупым и пашэ Iэпщэ Рустам. - Хуабжьу къыдолIаIэ, гугъу зыкъыддрагъэхь, ди нэгу зыщиужьын зы щIыпIи, тфIэщIыщIагъуэн зы Iуэхуи къамыгъанэу программэ дахэ зэхалъхьауэ абы тету махуэхэр догъакIуэ. Сыхуейт управленэм и унафэщI КIурашын Анзор абы щхьэкIэ фIыщIэ хуэсщIыну, апхуэдэуи абы и лэжьакIуэ, дэ махуэ къэс ди гъусэ Дзасэжь Анзор хуабжьу дыхуэарэзыщ.

Мы гъэм къэкIуа сабийхэр 9-нэ классым щIэс зэклассэгъуэрщ. Ялъагъу псори яфIэгъэщIагъуэну я махуэхэр зэрыкIуэм къеГъэлъэгъуэ яIуэтэжынрэ ягу къагъэкIыжынрэ я куэду зэрыкIуэжынур.

- Сэ я ныбжь сабийхэр аращ Налшык, - жеIэ гупым и пашэ бзылъхугъэ, егъэджакIуэ Натхъуэ Симэ. - Сабийхэми сэри Къэбэрдейр хуабжьу дигу ирихьащ, и хьэуари кIабэзэщи, и щхьэантIагъэхэри дахэщи, гум зимыгъэнщIу апхуэдэщ. Гулъытэрэ пщIэуэ къыгъуащIым тIокIу дегъэхуекIытэж, дыкъэзыгъэблэгъахэр апхуэдизкIэ къытхуэнабдзэгубдзаплъэщи. Тхьэр арэзы къахухъу. Сабийхэм ялъагъу псори яфIэтельыджэщ, иджыри екъэжакъыми, етIуанэу къызэрытрагъэзэным и Iуэху зэрахуэ. Щхьэпэ дыдэу къызэолъытэ Иорданием, Тыркуи, мэздэгу адыгэхэм ящIащ сабийхэри дыдейхэри зэгуусэу къызэрырагъэблэгъар. Хьэрыпхэм, тыркухэм, журтхэм, урысхэм яхэс сабийхэр адыгэбзэкIэ зэпсэльэн фIэкIа нэгъуэщI Iэмал иIэкъыми, зэрыхъум хуэдэу зэгуроIуэ, ныбжьэгъу зэхуэхъуэхэщи, анэдэлхубзэр нэхъыбэу къагъэсэбэн, зрагъащIэ.

Ныбжьыщ1эхэр редакцэм нэжэгужэу щIэкIыжащ Абхъазым и утым щекIуэкI бэрэжьей джэгум хэтыну.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

КIуэкIуэ Юрий УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ Резников Андрей игъуэ нэмысу дунейм зэрехыжам къыхэкIыу абы и унагъуэм хуогузавэ

И ныбжьыр илъэс 49-нэм иту дыгъуасэ дунейм ехыжащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэ Резников Андрей. Абы и унагъуэм, и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуэгузавэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

«Андрей Владимир и къуэр зэуэзэпсэу зэрылIар икъукIэ хэщIыныгъэшхуэщ. КъызэгъэпэщакIуэ Iэзэм, унафэщI IэкIуэльакIуэм куэд хищIыхьащ Кавказ Ищхъэрэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм. Абы и хьэл нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщт пэжагъыр, цIыхугъэр, жэуаплыныгъэр, Iэнатlэм хьэлэлу пэрытыныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм сыт щыгъуи ягу илъынщ икIи хуэсакъыу яхъумэнщ Резников Андрей Владимир и къуэм и фэепльыр»,- къыщыгъэлъэгъащ щIыналъэм и Iэтащхьэм и телеграммэм.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хыхьащ «Зэныбжьэгъугъэм и гъуазэхэр. Кавказым и чэщанэхэр» дунейпсо щэнхабзэ-тхыдэ проектым

Къэбэрдей-Балъкъэрым хэлэжьыхьу щIидзащ «Зэныбжьэгъугъэм и гъуазэхэр. Кавказым и чэщанэхэр» дунейпсо щIалэгъуалэ щэнхабзэ-тхыдэ проектым.

Интернациональнэ гупиллI, студентхэр-волонтёрхэр къэралым и щIыналъэхэм, Москвэ, Кавказ Ищхъэрэ федералъным округым и республикэхэм я лIыкIуэхэр зыхьыхь, Iэщ1агъэлI цIэрыIуэхэр зи пашэ гупышхуэм хэтхэм Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкI тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэепльхэм, абыхэм чэщанэ, быдапIэ цIэрыIуэхэри яхэту хъумэнымрэ зэгъэпэщыжьнымрэ яхуэгъэза лэжьыгъэхэр гъэхьэзырыным хузунэтIауэ. Мы проектыр ягъэзащIэ «ЩIэинхэр яхъумэ. Лъэпкъэхэр зэпащIэ!» къыхуеджэныгъэм щIэту.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм шыщхьэуIум и 7-м *Налшык къалэ*
№145-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокIадэм и 17-м къыдигъэкIа унафэ №249-ПП-мкIэ къыщIам, хэлъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм хуэгъэувэн 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрытегуэшар щызэхилъхьэкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм «2025 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт егъэпIэхэм зегъэубгъуныр» и программэ къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхуэхэр гъэзэщIэным пылIауэ ахъшэм щыщ Iыхьэ хэлъхьэнымкIэ къэув къалэнхэр кIилъытэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

● Лыгъэ

Локъуэ Харитон псори ирогушхуэ

Налшык къалэм щыщ зауэлI-интернационалист Локъуэ Харитон илэжьа зыхуэбгъэдэн щымыIэ Iуэхур - зэрыныкъуэдыкъуэм щхьэкIэ къимыгъанэу парашютклэ къызэрельэр хуигъэпсащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъуэм.

Афганистаным щекIуэкIа зауэм ныкъуэдыкъуэ хэхъуэхьахэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и «Ветеран» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Былымгъуэт Бесльэн абы теухуауэ жиIащ: «Мы Iуэхум сэ хуабжьу сегъэпIейтей: ныкъуэдыкъуэу, уи ныбжьыр илъэс 54-м нэсауэ апхуэдэ Iуэхум зеппщытыну тыншкъым. Ауэ псори хъарзынэу зэфIэкIащ икIи Локъуэм нобэ дрогушхуэ».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Лы и псалъэ епщIыжыркъым.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ мы гъэм илъэс 460-рэ ирокъу. Илъэс хьщІкІэ уэзІэбэкІыжмэ, а махуэшхуэр 1957 гъэм Москва гукъинэжу щагъэпльэпІат.

***Гуфіэгъуэ зэхьихьэм ехьэпІа Іэзхугъуэхэр къэрал гулъытэм щІэту къызэрагъэпэщащ. Москва къращри, ди щІыналъэм крагъэблэгъат Іэзхум хэІэижь режиссёрхэр, композиторхэр, дирижёрхэр, балетмейстерхэр. Къалащхьэм щатыну концертыр ирагъэзэхьэзырыну Москва кърагъэкІахэм ящыщщ куржы композитор цІэрыІуэ Мурадели Вано, къэфакІуэхэм ядэлэжьа, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист, Москва и Театр Иным и балетмейстер Корень Сергей. Мы Іэхум ирихьэлІэу Шейблер Трувор итхат «Нартхэр» оперэ-сюитэр (либреттэр зейр КІуащ БетІалт) и макъамэр. ЯтэщІыкІэ концертым и программэр ягъэхьэзырри, Іэзхум и ужь ихьащ. Махуэшхуэм 1956 гъэм зыхуагъэхьэзырым щІадзат Іэрэдымрэ къэбэрдейм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, республикэм и районхэм, къуажэхэм, къалэхэм я художественнэ самодеятельностхэм я артистхэм, пшынауэхэм, сурэтыщІхэм, скульпторхэм, композиторхэм, шахтёрхэм, колхозхэм я жэмыш пашэхэм.*

Къэфэну, хорым хагъэхьэну щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэпеуэкІэ къыхахащ. Зи насып къикІахэм ящыщащ Шыкъ Михаил, Сосмакъ Валентинэ, Урыс Къэрэжан, Шэджыхьэщ Іолэ, Къудей Фаризэт, Сыжажэ Мухьэжид, КІэрэф Хьэту, Щэкъал Юрэ, Хъущт Мурадин, Шыгъушэ Михаил, Бушмарин Василий, Беппаев Сергей, Атэлыкъэ Асльэнджэрий, Быцэ, Зое, КІуж Борис, Магалбадзе Светланэ, Ханукаевэ Борэ, Темыркъан Женэ, Брай Хьэтау, Мыз Борис, Нартокъуэ Мыхьэмэтджэрий, Дыкъуэ Заудин, Дэшу Хьэшыр, Алэкъей Мухьэмэд, Щхьэгъэпсо Борис, СотТаев Къанщауэ, Соттаевэ Зое, ДыщэкІ Леонид, Шэру Соня, Замбиевэ Ирэ, Тамбий Тамарэ, Сэмар Рае, КІуэкІэ Роэзэ, Даур Роэзэ, Карчаевэ Рае сымэ, нэгъуэщІхэри. Илъэс ныкъуэкІэ ахэр нотэм хурагъэджащ.

Москвадэсхэр зэи зэмыдзІэуа адыгэ уэрэдыжьхэр щызэхахьи, гъэщІегъуэн, щІэщыгъуэ зэращыхъуам и щыхьэту, къаІуэурэ зыбжанэрэ жрагъэІэжащ. Махуэшхуэм хэта куэдым цІэ лъапІэхэр къыфІащауэ Москва къикІыжат. Апхуэдэхэщ «РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр зыхуагъэфащащ Ашуров Танахум сымэ, нэгъуэщІхэри. КъищынэмыщІауэ, декадэм хэта куэдым Лениным, «ЩІыхь дамыгъэ» орденхэр, медалхэр ирагащ.

Іуэху гуапэм зи зэфІэкІ хэзыльхьахэр къыддогуашэ къалащхьэм ар Іэтауэ зэрыщекІуэкІам теухуа и гукъэкІыжхэмкІэ.



Гуфіэгъуэ махуэр Москва щаІэт

Жылокъуэ Мухьэмэдин

Алэкъей Мухьэмэд

ТхьэкІумашэ Михаил

Соттаев Къанщауэ


Жылокъуэ Мухьэмэдинрэ хорым хэт пщащэхэмрэ.

сюитэм и япэ теплъэгъуэр Театр Иным щыдгъэлъэгъуащ. Гъуаздджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэрщ нэхъыбэу зыкъызэзыгъэлъэгъуар. Оперэм дызэрыхэтам къищынэмыщІауэ, ди закъуэуи куэдрэ дыкъэфащ. Иужьк Іэ гуп-гупурэ дагуэшри, Іэфы кІэхэр щащІ фабрикэм, заводхэм концертхэр щыттащ, зэІущІэ гукъинэжхэр, щІэщыгъуэхэр къытхуэзрагъэпэщащ. АдыгэбзэкІэ ягъэува «Нартхэр» оперэ-сюитэм Къашыргъэ Билал - Сосрыкъуэу, Сосмакъ Валентинэ - Сэтэнейуэ гукъинэжу щыджэгъащ. Композитор Мурадели Вано «Кабардинка» макъамэр зэхилъхьауэ щытащ. Апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэ куэд иужькІи къехъулІащ абы. Балетмейстер Корень Сергей ди къафэхэр нэхъ къабзэ ищІащ.

Гуфіэгъуэ зэхьыхьэм къэкІуат КПСС-м и ЦК-м и япэ секретарь Хрущёв Никитэ, СССР-м зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр, Совет Союзым и Маршал, дзэзешэ цІэрыІуэ Жуков Георгий, СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІ, КПСС-м и ЦК-м и Президиумым хэт Булганин Николай, СССР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фурцевэ Екатеринэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

Москвадэсхэр гуапэу къызэрыТыщІар гукъинэж тщыхъуащ. А махуэшхуэр Іэтауэ зэрагъэлъэпІар я фІыгъэщ Іэхум хэпІыфІыхьа ди унафэщІхэм. Апхуэдэхэщ а зэманым КЪР-м щэнхабзэмкІэ и министру лэжьа Быардэн Башир, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь щыта Уэрсей Фаинэ, КЪР-м и Правительствэм хэтэхэр, нэгъуэщІхэри.

Урысейм дызэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум теухуа гуфІэгъуэ махуэшхуэр Москва апхуэдэу гукъинэжу, Іэтауэ щагъэлъэпІэну си гуапэщ. Къэралым исхэм гуфІэгъуэ я куэду, нэщхьеягъуэ ямылъагъуу, зэгурыІуэныгъэрэ мамырыгъэрэ я зэхуаку илъу зэдзпсэуну Тхьэм жиІэ.

УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я артист, КъБР-м и цІыхубэ артист **Алэкъей Мухьэмэд**:

- Партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и етІуанэ секретарь, КъБКъУ-м и ректор Бэрбэч Хьэтлутэ 1956 гъэм къыхихьащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур Іэтауэ Москва щыгъэлъэпІэным теухуа жэрдэмыр икІи а Іэхум ехьэлІауэ зыхуигъэзащ Хрущёв Никитэ. КЪР-м и цІыхубэ усакІуэ, РСФСР-м и Къэрал сауГэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь КІыщокъуэ Алим абы щыгъуэ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и къуэдзэу лажьэрт. КПСС-м и ЦК-м къызэригъэпэща пленумым арэзы щытехъуащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур ягъэлъэпІэну къызэрыхалъхьам икІи абы щыхьэт техъуэ тхыгъэ Москва кьикІыу къагъэхьащ.

-Нартхэр» оперэ-сюитэр Москва тшэным и пэ къихуэу, Налшык къалэм ар мэкъуэуэгъуэ-бадзэуэгъуэ мазэхэм щыдгъэлъэгъуащ. КъыхэгъэщІапхъэщ, Азие Курытым къикІыжа балькъэрхэри - Ульбашев Мутай, Ульбашев Хьаний, Беппаев Сергей, Бегиев Анатолэ сымэ - абы щыгъуэ къызэрытхьихьэжар. ЦІыху 400-м дынэблагъэу Москва дыщыкІуэм, СССР-м и цІыхубэ артист Астангов Михаил зи пашэ гупыр вокзалым фІэхъыс гуапэкІэ къыщыгтІущІащ икІи «Москва», «Центральнэ», «Колос» хьэщІэщхэм дыщІагъэтІысхьащ.

Театр Иным къыщызэІуаха ди япэ концертыр езыгъэкІуэкІар ди льэпкъэгъу, РСФСР-м и щІыхь зиІэ и артистэ, киноактрисэ цІэрыІуэ КІуэкІуэ Тамарщ. Зэхьихьэм къафэ, исльэмей, уджэзш дыкъыщыфащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкІэ и къэрал ансамблым, Тэрч, Дзэлыкъуэ, Бахьсэн, нэгъуэщІ районхэм щыІэ художественнэ самодеятельностхэм хэтхэр дызэхьихьэри, «Зэныбжьэгъуэгъэ» къафэр дгъэзэщІащ. Хорым хэтхэм адыгэ уэрэдыжьхэр жаІащ.

Заводхэм, фабрикхэм, институтхэм, университетхэм щекІуэкІа зэхьихьэхэм кърихьэлІахэр ди льэпкъ тхыдэм хэдгъэгъуэзащ, концертхэр ттащ. Апхуэдэу зыкъыщыдгъэлъэгъуахэм ящыщщ Москва дэт университетыр, педагогикэ институтыр, Союзхэм я унэм и Колоннэ залыр, Советыдзэм и театрыр, нэгъуэщІхэри. Махуэ къэс Москва къалэм дащыІущІэрт лэжьакІуэхэм, колхозхэтхэм, студентхэм. Колоннэ залым махуэм сыхьэт пщыкІуым дыкІуэрти, пщэдджыжьым сыхьэтипл пщІондэ концертым зыщыкхэдгъэхьэзырырт. ХьэщІэщым дыкъэкІуэжырт, тІэкІу зыдгъэпсэхурти, аргуэру ансамблым и программэм дыхэтт.

Москвадэсхэр гуапэу къызэрытІущІам, пщІэшхуэ къызэрытхуащІам ди гур хигъэхъуауэ дыкъэкІуэжащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, гуфІэгъуэ махуэшхуэр зэрыдгъэлъэпІам техуха нэтынрэ сурэту диІэр мащІэ дыдэщ. Архивым щахъумэ си япэ егъэджакІуэ, «Победа» кинотеатрым зи скульптурэ теплъэр тет Атэлыкъ Асльэнджэрий зы дакъикъэ иримыкъукІэ къыщыкфэу зыхэт фильмыр.

УФ-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, КЪР-м ГъуаздджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, республикэм и цІыхубэ сурэтыщІ, скульптор **цІэрыІуэ Тхьэкіумашэ Михаил**:

- Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур Москва зэрыщагъэпсэлъэпІэнум 1956 гъэм зыхуэдгъэхьэзырым щыщІэдзам, иужькІэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и щІыунэ хъуам сыщылажьэрт. Абы и етІуанэ къатым махуэшхуэм зыщыхуагъэхьэзырырт Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкІэ и къэрал ансамблым хэтхэм. Абыхэм ядэлажьэ куржы композитор Мурадели Вано нэІуасэ сыщыхуэхъум, езым сурэт тесщІыкІыну сызэримурадыр жеСІащ, арщхьэкІэ махуэшхуэм дызэрызехьэу зыхуэдгъэхьэзырурэ зэманыр кІуэри, къызэхъулІакъым.

КъысщащІа пщэрылъым тету, нарт Сосрыкъуэ и скульптурэ теплъэр ятІагъэуэ къухэсщІыкІащ, Иныжьыр иукІыу мафІэр къытрихауэ шууэ абы щхьэприлъэтыкІыу. Апхуэдэу зэхьихьэм ирихьэлІэу сщІащ «Пэжьакіуэхэм я марш» уэрэдыр зыуса икІи гум дыхьэу ар зыгъэзащІэу щыта уэрэдус ДыщэкІ Залымхъан и теплъэр. Си лэжьагъуэхэр къакІуэурэ Іэхум сызэрехъулІам кІэлъыплъырт икІи я чэнджэщхэр къызахьэлІэрт. УсакІуэ КІуащ БетІал и скульптурэ теплъэри абы ирихьэлІэу сщІын щІэздзат, арщхьэкІэ, ар нэзгъэсыну иджыри сыхунэмысауэ, щІалэ дыдэу БетІал дунейм ехыжри, къэнэжат...

Си лэжьагъу скульптОрхэу Бжэ-Іумых Хьид, Къалмыкъ Фёдор, сурэтыщІ Третьяков Николай сымэ зэгъусэу дыхэтащ Москва щекІуэкІа махуэшхуэм. УФ-м и Сурэтыщ Іхэм я зэгухьэныгъэм Театр Иным пэгъунэгъуу тхухиха пэшым ди лэжьагъэхэр щагъэльэгъуащ. Москвадэсхэм, сурэтыщІхэм, гъуазджэм дихьэхэм ди Іэдакъэщ Іэкіэр хуабжьу ягу зэрырихьар гуапэ тщыхуат. Ди республикэм и къафэкІуэхэмрэ уэрэджьыкІуэхэмрэ ехьэлІэныгъэ инхэр яІэу Москва зыкъыщагъэльэгъуащ. Псом хэмыдэу гукъинэжт ди артистхэм я иужьрей концертым хьихьэу ягъэлъэгъуа «Нартхэр» оперэ-сюитэр. ПщІэшхуэрэ гулъытэрэ къытхуащІащ, къалэм и щІыпІэ дахэхэм, музейхэм, абыхэм щагъэльагъуэ выставкэхэм зыщыдагъэлпльихьащ. Махуэшхуэм жыджэру сызэрыхэтар къалытэри, «ЩІыхьым и дамыгъэ» орденыр къызатащ. Къалмыкъ Фёдор медаль къыхуагъэфэщащ.

Москва дыкъыщикІыжам, Мэлбахьуэ Тимборэ и унафэкІэ, сурэтыщІ 12-м лъэщапІэ къыдатат. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, махуэшхуэм ирихьэлІэу къалащхьэм щагъэльэгъуа, гипсым къыхэщІыкІа ди лэжьыгъэхэр гъуэгуанэ кІыхь «къызэрызэпачам» и зэранкІэ зэхэхъутащ икІи нобэр къыздэсым зэрамыгъэпэщыжауэ республикэм и Льэпкъ музейм щІэтщ. А скульптурэхэр къагъэщІэрэщІэжамэ ди гуапэт.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

★★★

Гуимыхужу зыкъэзыгъэлъэгъуа Къашыргъэ Билал

Илъэс 60-кІэ уэлІэбэкІыжмэ Москва щрагъэкІуэкІа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм гуимыхужу зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ Къашыргъэ Билали. Уеблэмэ абы къыщызыкъуиха зэчий инращ «РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр къыщІыхуагъэфэщар.

А МАХУЭХЭМ ятеуухауэ Билал жеІэ:

- Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ я зэкъуэувэныгъэр илъэс 400 щрикъур сыту ину яГъэлъэпІат? Ди республикэм зы жьили къыиауэ къыщІэкІынтэкъым а Іэхум къыхамыщауэ. Къуажэхэр къакІухьурэ макъ дахэ зиІэхэр къыхаша ижь, Іыхьищу зэпыуда зэпеуэ ирагъэкІуэкІри, цІыхуи 120-рэ зэхуашэсат хорым папщІэ.

Къафэмрэ уэрэд жьІэнымкІэ ансамблым гулъытэ ин игъуэтат а зэманым. Ухуейрамэ, абы зыхуэгъэхьэзырынымкІэ къыддэІэпыкъуну Іэщ Іагъэлі куэд Москва къикІауэ щытащ.

Шейблер Трувор и «Нартхэр» оперэ-сюитэрат дэ Москва щыдгъэлъэгъуар, сэ Сосрыкъуэ и ролыр, Сосмакъ Валентинэ Сэтэней и ролыр къыгІтІысат.

КІуэкІуэ Тамарэрэ Шэру Сонярэ пшыхьыр екІуу ирагъэкІуэкІат.

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым Гоголь Николай и «Ревизор» спектаклри ехъулІэныгъэшхуэ иІэу щигъэлъэгъуауэ щытащ абы.

Дэ зыкъыщыдгъэлъэгъуар Театр Инырщ. Абы цІыхуу щІэсам тхуаІэта Іэгъуауэ инхэм уигу зэрыхагъахьуэр псалъэкІэ къыпхуэІуэтэжьнукъым, ауэ, шэч хэмылъу, хуабжьу дагъэгушхат.

Нобэр къыздэсым куэдым къалъытэ цІэ лъапІэр къызэрысфІащар «Нартхэм» щыжысІа уэрэдым и фІыгъэу, ауэ ар пэжкъым. Ятэрауэ, сэ абы ежьу тІэкІу щыжысІауэ аращ, Шейблер и Сосрыкъуэр нэхъыбэу къэфэн хуейуэ арат. Консерваториер къызэрызухрэ мазищ нэхъ мыхъуауэ Сосрыкъуэ и ролыр къыщысхуагъэфащэм, къэфэнымкІэ сэ схуэзэфІэкІ щІагъуэ зэрыщымыІэр сщІэжьрти, а ролымкІэ къысщымыгугъмэ зэрынэхъыфІыр занщІэу жысІат. ИтІанэ, арэзы сыхъуу, ролым зесПщІэти иужь, Шейблер сыбгъэдыхьэри селъэІуат зымащІэ нэхъ мыхъуми, уэрэд гуэр жысІэу сухуихъэхьэну. Консерваториемэ сыщеджэху къэфэным сыщыужат, уеблэмэ Сосрыкъуэ и ролыр згъэзэщІэху тІэунейрэ си лъэбжьанэр текІат, итІани, лъапэрисэу сыкъэфащ.

«РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр къызэрысфІащам хъыбар щхьэхуэ иІэщ.

Москва дыкІуэу гъуэгу дытету щІыхьыщІэ зратыну зыхуагъэфащэхэм лъэІу тхьапІэхэр ирагъэтхат, сэ сафІэщІалэти, зыри къыжжаІатэкъым. Сытми, утыкум зыкъздгъэлъэгъуэу диту, РСФСР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Щепалин Глеб къысщІэупщІащ. Лъэпу тхыгъэ зытхахэм сазэрыхэмытыр къыщыщІэм: «Артистыр щІалэху цІэ лъапІэ фІэщын хуейщ, армыхъумэ, жьы хъуа иужькІэ ар зэрищІыжынур сыт абы?» - жиІауэ щытащ. Абы яужь зэмани дэкІыжауэ, «РСФСР-м щІыхь зиІэ артист» цІэ лъапІэр къызэрысфІащар иту телеграммэ къысІэрыхьати, си фІэщ хъуатэкъым, си ныбжьэгъуэр къызэдгъушІэ сфІэщІри. ИужькІэщ ар зэрымыгушыІэр къыщыгурыІуар. Илъэс 85-м сыщІигъуащи, нобэр къыздэсым а утыкум дыззэритар сигу ихужьрыкъым. Абы щыгъуэ дызэрагъэлъэпІар къыпхуэІуэтэжынкъым. Дэ къыттемытыхьауэ зы газети а махуэхэм къыдэкІауэ си фІэщ хъуркъым.

Епсэлъар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

КЪР-м и цІыхубэ артист, оперэ уэрэджыІакІуэ, Москва категорие нэхъыщхьэ зыхуигъэфэща солист **Жылокъуэ Мухьэмэдин**:

- Гнессинхэ я цІэр зезыхьэ институтым сыщеджэу къззгъэзэжа нэужь, 1956 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкІэ и къэрал ансамблым сащтащ, 1969 - 1988 гъэхэм Музыкэ театрым сыщылэжьащ, 1975 гъэм театрым и лэжьакІуэхэм я союзым сыхагъэхьащ.

КЪР-м щэнхабзэмкІэ и управленэм и унафэщІ Мыд Хьэжмусэ къригъэблагъри, хорым и унафэщІ хъуат Совет Союзым и хормейстер, дирижёр Іэзэ Орлов-Шузьм Аристархэ. Уэрэдымрэ къафэмкІэ ансамблым и хорым илъэс куэдкІэ къыддэлэжьащ УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, дирижёр-хормейстер Іэзэ Блэнаэ Быцэ. Абы гупыр сольфеджиом дыхуригъэджащ.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и щІыхьыкІэ Москва 1957 гъэм щекІуэкІа концертышхуэм хэта щІалэгъуалэм ар щІэщыгъуэ икІи гукъинэжу тщыхъуащ. Шейблер Трувор зы макъ хъу и «Нартхэр» оперэ-сюитэр Совет Союзым и хормейстер, дирижёр Іэзэ Орлов-Шузьм Аристархэ. Уэрэдымрэ къафэмкІэ ансамблым и хорым илъэс куэдкІэ къыддэлэжьащ УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, дирижёр-хормейстер Іэзэ Блэнаэ Быцэ и фІыгъэ куэд хэлъщ Москва щыдгъэлъэгъуа программэр къызэрыдэхъуІлам. Партие нэхъыщхьэр зыгъэзэщІахэу Къашыргъэ Билалрэ Сосмакъ Валентинэрэ «РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ.

Концертым и япэ Іыхьэм щедзІуам, Мурадели Вано гъэу щытащ. Абы щыгъуэ Вано жиІар сигу къинэжащ: «Сэ Совет Союзым и хор псоми седзІуащи, фэ фхуэдэу уэрэдым и купщІэр къзэрыІуэтэфрэ фи гуп макъ гъэІуэкІэм хуэдэрэ срихьэлІакъым». 1957 гъэм апхуэдэ лъагапІэм нэсат республикэм и хор зэфІэкІ ин зиІэр. Абы хэтхэм дунейпсо классикхэм я Іэдакъэщ Іэкіэкіэр дгъэзащІэрт.

Махуэшхуэр Москва щыдгъэлъапІэу республикэм къздгъэзэжа нэужь, хоритІым хэтахэр щхьэ и лэжьыгъэ дыпэрыхьэжащ. Уэрэдымрэ къафэмкІэ ансамблым и гъуса хорым хэтахэм концертхэр ттыуэ щытащ. Радиомрэ телевидениэмрэ я хорым хэтахэм дгъэзащІэрт радиом и фондым халъхьэнухэр. А зэманым къуажэхэм дыкІуэурэ зыкъздгъэлъагъэрт, цІыхухэуэ къекІуалІэу.

Хорым и уэрэджыІакІуэхэр хэщІыпыхьауэ яхьихат, солистхэр фІыуэ яльагъурт, фІым я фІыкъ къальыгъэ. Къэбгъэльагъуэмэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, республикэм и радиомрэ телевидениэмрэ я хорым, иужькІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкІэ и къэрал ансамблым щыІэжьа, Москва категорие нэхъыщхьэ зыхуигъэфэща Шыкъ Михаил уэрэд жьІэным къыхуигъэщІами ярейуэ, тенор льэщт. Абы хорым хэтхэм ди гъуэсуи и закъуэуи адыгэ уэрэдыжьхэр цІыхубэм ягу дыхьэу игъэзащІэрт. Зыхуэбгъадэ хъун щыІэтэкъым Шэру Соня и къэфэкІэр. Абы и утыку итыкІэр зигу нэмысрэ телъыджэ зыщымыхъурэ къзгъуэтыгъуейт.

Нобэр къыздэсым куэдым ягу къыуэ КъБР-м Уэрэдымрэ къафэмкІэ и ансамблым и гъуса хорыр - 1954 гъэм, радиомрэ телевидениэмрэ я хорыр - 1998 гъэм зэрагъэкІыжу, шыпсэхэр, хъыбархэр, уэрэдыжьхэр щІэблэм деж зэрынахьэс Іэмалхэм я зыр димыІэжу дыкъызэрагъэнар.

КЪР-м и цІыхубэ артист **Соттаев Къанщауэ**:

- Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу махуэшхуэм зы илъэскІэ зыхуэдгъэхьэзыращ. Ар Москва щыдгъэлъэпІэным и пэ къихуэу, Налшык щагъэзуваш Грозный Иван и щхьэгъусэ, пащтыхь гуащэ Марие (Гуащэнэ) и фэеплъыр. Си насып къихьри, сахэхуащ зэхьыхьэ зыгъэдэхэну, зыгъэбжьыфІэну къыхаха уэрэджыІакІуэ, къэфакІуэхэм.

Москва Курскэ вокзалым деж гуапэу къыщыптежьэри драгъэблэгъащ. Горький Максим и цІэр зезыхьэ уэрамым тет «Центральнэ» хьэщІащым дыщІагъэтІысхьащ, гупым ди художественнэ унафэщІу щыта Мыд Хьэжмусэ и нэІэ къыттету. КъэфакІуэхэри уэрэджьыІакІуэхэри дызыхэта оперэсюитэм и япэ теплъэгъуэр Театр Иным щыдгъэлъэгъуащ. Гъуаздджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэрщ нэхъыбэу зыкъызэзыгъэлъэгъуар. Оперэм дызэрыхэтам къищынэмыщІауэ, ди закъуэуи куэдрэ дыкъэфащ. ИужькІэ гуп-гупурэ дагуэшри, Іэфы кІэхэр щащІ фабрикэм, заводхэм концертхэр щыттащ, зэІущІэ гукъинэжхэр, щІэщыгъуэхэр къытхуэзрагъэпэщащ. АдыгэбзэкІэ ягъэува «Нартхэр» оперэ-сюитэм Къашыргъэ Билал - Сосрыкъуэу, Сосмакъ Валентинэ - Сэтэнейуэ гукъинэжу щыджэгъащ. Композитор Мурадели Вано «Кабардинка» макъамэр зэхилъхьауэ щытащ. Апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэ куэд иужькІи къехъулІащ абы. Балетмейстер Корень Сергей ди къафэхэр нэхъ къабзэ ищІащ.

Гуфіэгъуэ зэхьыхьэм къэкІуат КПСС-м и ЦК-м и япэ секретарь Хрущёв Никитэ, СССР-м зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр, Совет Союзым и Маршал, дзэзешэ цІэрыІуэ Жуков Георгий, СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІ, КПСС-м и ЦК-м и Президиумым хэт Булганин Николай, СССР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фурцевэ Екатеринэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

Москвадэсхэр гуапэу къызэрыТыщІар гукъинэж тщыхъуащ. А махуэшхуэр Іэтауэ зэрагъэлъэпІар я фІыгъэщ Іэхум хэпІыфІыхьа ди унафэщІхэм. Апхуэдэхэщ а зэманым КЪР-м щэнхабзэмкІэ и министру лэжьа Быардэн Башир, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь щыта Уэрсей Фаинэ, КЪР-м и Правительствэм хэтэхэр, нэгъуэщІхэри.

Урысейм дызэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум теухуа гуфІэгъуэ махуэшхуэр Москва апхуэдэу гукъинэжу, Іэтауэ щагъэлъэпІэну си гуапэщ. Къэралым исхэм гуфІэгъуэ я куэду, нэщхьеягъуэ ямылъагъуу, зэгурыІуэныгъэрэ мамырыгъэрэ я зэхуаку илъу зэдзпсэуну Тхьэм жиІэ.

УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я артист, КъБР-м и цІыхубэ артист **Алэкъей Мухьэмэд**:

- Партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и етІуанэ секретарь, КъБКъУ-м и ректор Бэрбэч Хьэтлутэ 1956 гъэм къыхихьащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур Іэтауэ Москва щыгъэлъэпІэным теухуа жэрдэмыр икІи а Іэхум ехьэлІауэ зыхуигъэзащ Хрущёв Никитэ. КЪР-м и цІыхубэ усакІуэ, РСФСР-м и Къэрал сауГэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь КІыщокъуэ Алим абы щыгъуэ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и къуэдзэу лажьэрт. КПСС-м и ЦК-м къызэригъэпэща пленумым арэзы щытехъуащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур ягъэлъэпІэну къызэрыхалъхьам икІи абы щыхьэт техъуэ тхыгъэ Москва кьикІыу къагъэхьащ.

-Нартхэр» оперэ-сюитэр Москва тшэным и пэ къихуэу, Налшык къалэм ар мэкъуэуэгъуэ-бадзэуэгъуэ мазэхэм щыдгъэлъэгъуащ. КъыхэгъэщІапхъэщ, Азие Курытым къикІыжа балькъэрхэри - Ульбашев Мутай, Ульбашев Хьаний, Беппаев Сергей, Бегиев Анатолэ сымэ - абы щыгъуэ къызэрытхьихьэжар. ЦІыху 400-м дынэблагъэу Москва дыщыкІуэм, СССР-м и цІыхубэ артист Астангов Михаил зи пашэ гупыр вокзалым фІэхъыс гуапэкІэ къыщыгтІущІащ икІи «Москва», «Центральнэ», «Колос» хьэщІэщхэм дыщІагъэтІысхьащ.

Театр Иным къыщызэІуаха ди япэ концертыр езыгъэкІуэкІар ди льэпкъэгъу, РСФСР-м и щІыхь зиІэ и артистэ, киноактрисэ цІэрыІуэ КІуэкІуэ Тамарщ. Зэхьихьэм къафэ, исльэмей, уджэзш дыкъыщыфащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкІэ и къэрал ансамблым, Тэрч, Дзэлыкъуэ, Бахьсэн, нэгъуэщІ районхэм щыІэ художественнэ самодеятельностхэм хэтхэр дызэхьихьэри, «Зэныбжьэгъуэгъэ» къафэр дгъэзэщІащ. Хорым хэтхэм адыгэ уэрэдыжьхэр жаІащ.

Заводхэм, фабрикхэм, институтхэм, университетхэм щекІуэкІа зэхьихьэхэм кърихьэлІахэр ди льэпкъ тхыдэм хэдгъэгъуэзащ, концертхэр ттащ. Апхуэдэу зыкъыщыдгъэлъэгъуахэм ящыщщ Москва дэт университетыр, педагогикэ институтыр, Союзхэм я унэм и Колоннэ залыр, Советыдзэм и театрыр, нэгъуэщІхэри. Махуэ къэс Москва къалэм дащыІущІэрт лэжьакІуэхэм, колхозхэтхэм, студентхэм. Колоннэ залым махуэм сыхьэт пщыкІуым дыкІуэрти, пщэдджыжьым сыхьэтипл пщІондэ концертым зыщыкхэдгъэхьэзырырт. ХьэщІэщым дыкъэкІуэжырт, тІэкІу зыдгъэпсэхурти, аргуэру ансамблым и программэм дыхэтт.

Москвадэсхэр гуапэу къызэрытІущІам, пщІэшхуэ къызэрытхуащІам ди гур хигъэхъуауэ дыкъэкІуэжащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, гуфІэгъуэ махуэшхуэр зэрыдгъэлъэпІам техуха нэтынрэ сурэту диІэр мащІэ дыдэщ. Архивым щахъумэ си япэ егъэджакІуэ, «Победа» кинотеатрым зи скульптурэ теплъэр тет Атэлыкъ Асльэнджэрий зы дакъикъэ иримыкъукІэ къыщыкфэу зыхэт фильмыр.

УФ-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, КЪР-м гъуаздджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, республикэм и цІыхубэ сурэтыщІ, скульптор **цІэрыІуэ Тхьэкіумашэ Михаил**:

- Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур Москва зэрыщагъэпсэлъэпІэнум 1956 гъэм зыхуэдгъэхьэзырым щыщІэдзам, иужькІэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и щІыунэ хъуам сыщылажьэрт. Абы и етІуанэ къатым махуэшхуэм зыщыхуагъэхьэзырырт Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкІэ и къэрал ансамблым хэтхэм. Абыхэм ядэлажьэ куржы композитор Мурадели Вано нэІуасэ сыщыхуэхъум, езым сурэт тесщІыкІыну сызэримурадыр жеСІащ, арщхьэкІэ махуэшхуэм дызэрызехьэу зыхуэдгъэхьэзырурэ зэманыр кІуэри, къызэхъулІакъым.

КъысщащІа пщэрылъым тету, нарт Сосрыкъуэ и скульптурэ теплъэр ятІагъэуэ къухэсщІыкІащ, Иныжьыр иукІыу мафІэр къытрихауэ шууэ абы щхьэприлъэтыкІыу. Апхуэдэу зэхьихьэм ирихьэлІэу сщІащ «Пэжьакіуэхэм я марш» уэрэдыр зыуса икІи гум дыхьэу ар зыгъэзащІэу щыта уэрэдус ДыщэкІ Залымхъан и теплъэр. Си лэжьагъуэхэр къакІуэурэ Іэхум сызэрехъулІам кІэлъыплъырт икІи я чэнджэщхэр къызахьэлІэрт. УсакІуэ КІуащ БетІал и скульптурэ теплъэри абы ирихьэлІэу сщІын щІэздзат, арщхьэкІэ, ар нэзгъэсыну иджыри сыхунэмысауэ, щІалэ дыдэу БетІал дунейм ехыжри, къэнэжат...

Си лэжьагъу скульптОрхэу Бжэ-Іумых Хьид, Къалмыкъ Фёдор, сурэтыщІ Третьяков Николай сымэ зэгъусэу дыхэтащ Москва щекІуэкІа махуэшхуэм. УФ-м и Сурэтыщ Іхэм я зэгухьэныгъэм Театр Иным пэгъунэгъуу тхухиха пэшым ди лэжьагъэхэр щагъэльэгъуащ. Москвадэсхэм, сурэтыщІхэм, гъуазджэм дихьэхэм ди Іэдакъэщ Іэкіэр хуабжьу ягу зэрырихьар гуапэ тщыхуат. Ди республикэм и къафэкІуэхэмрэ уэрэджыІак

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Аргуэру къыттрекъуэз

США-м и конгрессыр арэзы техъуащ Урысейм санкцэщІэхэр къыхуэзъэуныным теухуа проектым

Сыт щыгъуэ къару щигъуэтынур?

ИДЖЫ а проектым Іэ тридзэн хуейщ США-м и президентым. Ар абы апхуэдэу зэрищІынум шэчышхуэ кІэлъыплъхьэмэ хъунущ. Санкцэхэм къару ягъуэтынущ зэман гъунэгъу дыдэм. Америкэм финансхэмкІэ и министерствэмрэ тІасхъэщІэх Іэнатіэмрэ илъэс ныкъуэм къриубыдэу ягъэхьэзырынущ УФ-м и къарал щІыб политикэмрэ экономикэмрэ зезыгъакІуэ къулыкъущІэшхуэхэм, абыхэм я мылъкум, цІыху щхьэхуэхэмрэ къэралымрэ зэдагъэлажьэ Іэхъущ Іэпхъэ США-м и экономикэм зэрыпыщІам теухуа доклад. Апхуэдэуи къэралым и унафэм щІэт СМИ-хэм я лэжьыгъэм, абыхэм яжь къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щекІуэкІ хэхныгъэ Іэхъум зэрыщІихъм теухуа доклад Америкэм и президентым игъэхьэзырыну поплъэ. Ахэрауэ къыщІэкІынущ дяпэкІи ягъэувыну санкцэхэм лъабжьэ яхуэхъунур.

Законопроектым мардэщІэхэр яхуегъэувэ Иранымрэ Корее Ищхъэрэмрэ. Ауэ санкцэхэр нэхъыбІэу къызыхуэгъэзар Урысейрщ. Нэхъапэм ягъэувэ языныкъуэ мардэхэр ягъэткІиящ, щІэхэр къагупсысащ.

Хэт хилъэфэнур?

УФ-м икІыу Балтие тенджызым и щІагъымкІэ Германием нэсын хуей «Северный поток-2» газ кІуапІэ бжьамийр уэуфнэр къыхэпаудынкІэ хъунущ. Еврэ мелардипщІ и уасэ мы Іуэхум ахъшэ халъхьащ европей компаниеу 5-м. Бжьамийхэм я зэхуэдитІыр къаутІыпщ нэмыцэ фирмэхэм, бетоныр гъэжьныр зи пщэ дэлъыр Голландиерщ. Бжьамийхэр тенджызыр щІагъым щызыукъуэдиин хуейр Швейцариием щыщ компаниерщ. «США-м нэгъуэщІ къэралхэм я компаниехэм къуэды щатрилъхьэ къэхъуащ, - жеІэ Лъэпкъ энергетикэ шынагъуэншагъэмкІэ фондым и Іэщіагъэлі Юшков Игорь. - Франджым и Parisbas банкым къэудыгъэ доллар меларди 9 итын хуейуэ тралъхьащ, Ираным хуагъэува санкцэхэм я хабзэр къызэрызэпиудам щхьэкІэ. США-м а компаниехэр хуит имыщІынкІэ хъунущ езым и щІыналъэм щылэжьэну, американ банкхэр къагъэсэбэпыну. Европейхэм къыдэлэжьэн ямыдэжмэ, сыт «Газпром»-м ищІэнур? Псом нэхърэ нэхъ гугъур бжьамий щІэзыльхъэ кхъуэкъэр дэ зэрыдимыІэрщ. Концерным къишэхун хуей хъуну къыщІэкІынущ псым и щІагъым бжьамийхэр щыукъэудиин елэжь компание гуэр».

Сыт абыкІэ я мурадыр?

КОНГРЕССМЕНХЭМ кхыхагъэщхьэхуКІ Украинэм, Сириием щилэжьахэм, США-м хэхныгъэхэр щыщкІуэкІым абы компьютер Іэмалхэмкіэ зэрыхэІэбам (Москва абыкІэ зытригъэхьэрэкъым) къыжІэкІу Урысейм тезыр къытраІухьэну зэрамурадыр. Ауэ мыбы экономикэ зауэм и нэщэнэхэри хыбоІьагъуэ. «США-р хущІокъу Европэр урысей газым пигъэкІыу абы езым ейр ирищэну, - пещэ Юшков Игорь. - Мы зэманым ар къайхъулІэну къым. Америкэм и газыр Урысейм ейм нэхърэ хуэдэ 1,5-кІэ нэхъ лъапІэщ! Газым и уасэм Европэм щыхэхъуэмэ, абы хьихьэ къэралхэм я продукцэм и уасэри дэуеинущ. Хабзэгъэуэ проектми апхуэдэ дыдэу итщ: «Газыр нэгъуэщІ къэралхэм езыщэ американхэм ефІэкІыныгъэ иратынущ санкцэхэм икІи лэжьапІэ Іэнатіэщ Іэхэр къызэІуахыныкІэ Іэмалхэр щыІэ хъунущ».

Дэ сыткІэ дыпэджэжьыну?

КЪЫТХУАГЪЭУВА санкцэхэм щхьэкІэ американхэм ираты кыну жэуапым теухуа япэ лъэбакъуэр ячаІэщ. Урысейм абыхэм яхуигъэуващ ди къэралым щыІэ американскэ дипломатие, консул Іэхъущ Іапі Іэхэм я пэжьажьхэр щІыу 455-м нэсу ягъэмэщІэну (ди дипломату, техническэ лэжьакІуэу апхуэдизыдэ США-м щыІэр). Шыщхьэ Іуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ американхэр хуит ящІыркъым Серебряный Борым щаІа дачэр къагъэсэбэпыну. «СанкцэщІэхэм Урысейр ирахуІІ жэуап ираты ну, - жеІэ Москва къэрал университетым и кафедрэм и унафэщІ Сидоров Андрей. - Ар зауэ щІыІэм дыхуэзышэ Іэхъущ. Апхуэдэу щытми, дэ санкцэхэм я жэуапу Урысейм и сэбэп зыхэлъхэр зыхъумэ Іэхъухэр зэхэтлъхьэн хуейщ».

«Американ облигацэхэм халъхьа ахъшэхэр къыхахыжьыну и чэзу хъуащ, - къыхегъэщхьэхуКІ Москва дэт Гуманитар университетым и кафедрэм и унафэщІ Платошкин Николай. - Е дэ дыпэплъэн хуей ахэр яубыдыху? США-м щІыгъэпшэрхэр едмыгъашэми хъунущ. Ахъшэр тфІэкІуэдынкъым - Китаймк ищхъунущ».

Санкцэхэм еттыныну жэуапым я нэхъыфІыр нэхъ лъэщ дыхъунырщ. «2014 гъэм япэ санкцэхэр къыщідащІыпІам УФ-р гъэсынытхъэхэм елэжь «Евро-5» американ катализаторхэм проценти 100-кІэ елъытауэ щытащ, - игу кьеГъэжьЫ «Энергетикэмрэ финансхэмкІэ институт» фондым и кІуадамэм и унафэщІ Громов Алексей. - Шыналъэу щыІэт бензиныр нэгъуэщІ къэралхэм къыщытщэхун хуей хъункІэ. Арщхьэкіэ санкцэхэм я фІыгъэкІэ дэ зыкъэдужьащ. Мы Іуэхур ищІэнур зэфІэдгъэкІащ».

ГУДКОВЭ Викторие.
«Аргументы и факты»

● Ахъшэхэр

Ди сэбэп хэлъкъым

2017 гъэм накъыгъэм и 1-м къыщыщІэдзауэ мэкъуэгъуэм и 1-р къэсыху Урысейм США-м и облигацэхэм хилъхьар доллар меларди 3,8-кІэ нэхъыбІэ хъуащ. Сыт а мылъкур ди экономикэм щІыхэдмыльхьар?

ГЪЭМАХУЭЩ. Псоми хохъуэ. Аргуэру хэхъуэу щІидзэжащ Урысейм США-м и тхьылъмпІэ лъапІэхэм тригъэкІуадзэр. 2014 гъэм ар занщІэу екуэхауэ щытащ. Ауэ иужьу кьатахэм ятепщІыхьмэ, Урысейм апхуэдэ тхьылъмпІэхэу доллар меларди 108,7-р я уасэ къыщохуащ. ЩыкэхъыбІ щыІащ: 2013 гъэм - доллар меларди 163-рэ. Ауэ мыбдеж блэкІар дгъэзэкІуэжыну дэ Іэмал щыдиІэщ. Сыт щІыхэдмылъхьэнур: ди дыщэ гъэтІылъыгъэхэр мащІэкъым. Уеблэмэ, иужь мазэхэм нэхъри хьэлъафэ мэхъу.

США-м и экономикэми зеІэт: МВФ-р поплъэ ар мы гъэм проценти 2,1-кІэ нэхъ лъагэ хъуну. Иофлакіуэ Евроссоюзым и экономикэри - зы илъэсым процент 1,9-м щхьэпрыкІынущ. Дуней псор зэрыщыту къапщтэмэ, а бжьыгъэ проценти 3,5-м щІигъунущ. Дэри дыхохъуэ. Процент 1,4-кІэ. Ауэ псори хьэрэмыгъэншэу зэпэплъытмэ, дэ псоми яужь дитщ. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, Китайм и ВВП-м зы процент щІигъуэкІэ дэ зэуэ проценти 5-кІэ дыбжьыэн хуейщи - арыншауэ ди экономикэхэм я зэхущытыкІэхэр зэрыщытауэ къыпУуэгъэнэжьнкъым. Мис а зэхущытыкІэхэр ди дежкІэ нэхъри зэІохьэ. 1992 гъэм къыщыщІэдзауэ 2016 гъэм нэсыху Урысейм дунейпсо ВВП-м къыщыхуэзэ Іыхьэр проценти 5,2-м къыщежьэри, проценти 3,2-м нэсу къехащ. ИкІи, зыми зимыхъуэжмэ, 2030 гъэм ирихьэлІэу къытхуэнэжьынур проценти 2-м зымащІэкІэ щІигъу кьудейщ.

Щ1ым къыщІэтхъэмкІэ нэгъуэщІ къэралхэм етщІылІэ пІалъэ кІыхь зэгурыІуэныгъэхэм ди сэбэп хэлъхьам. Геополитикэ щытыкІэми дифІ зэрихуэркъым. США-м кІуэ пэтми нэхъри къыттрекъуэз. Дэ куэд зэхьдох ди къэрал кІуэдІ зыужьыныгъэм зеттын хуейуэ, арщхьэкІэ псалъэхэм Іэхъуэхэр къакІэлъыкІуэн хуейщ. Ди финансым и унафэр зыщІэхэм ди мылъкур яшэ сыт хуэдэ дакъыкъэми ар щауфыдынкІэ хъунущ къэралым.

«Нэхъ укъэззышыгъэпцІэжыну ахъшэ хъумапІэхэм» ди мылъкур щахъумэным и пІэкІэ ди промышленностыр лъэщу даІыгъын, инвестицэхэм тралъхьэ налогыр ягъэмэщІэн, ахъшэ политикэр ягъэщэбэн, щІым къыщІах къулеигъэхэм я уасэхэр ирадубыхь хуейщ. Къэру псори зэхьэлІэн хуейр хамэм ейр мыхъуу, дэ ди экономикэр къэІэтынырщ. Къэралым и философиер, и Іуэху бгъэдыхьэкІэр зэрихъэкІын хуейщ. Дэ ди экономикэм тельыджэу зричын хуейщ, ауэ ар езыр-езыру къэхъуныкъым.

Финансхэмрэ экономикэ зыужьыныгъэмкІэ жэуап зыхь ди министрхэм зыжьэу жаІэ нэхъыщхьэр зэпІэзэрытыныгъэр, къэкІуэнур къэпльагъуфынырщ арауэ. Ауэ ипэжьІпІэкІэ ди тІъагъэр зэпІэзэрытыныгъэр я фІэщ зэрымыхъумрэ дяпэкІи дакъызэрыкІэрыхунмрэщ.

ТИТОВ Борис,
УФ-м и Президентым и деж хьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ уполномоченнэ.
«Аргументы и факты»

● Португалие

Курыт лІэщІыгъуэхэм яухуа Байша хьэблэр къанэ щымыІэу зэхэкъутауэ щытащ Португалием и къалащхьэ Лиссабон 1755 гъэм щІыр къаруушхуэ иІэу щыщІихьеям щыгъуэ. Ар зы пщалъэм тету щІэрыщІэу яухуэжьи хуей хъущ. Уэрам зэв куэдыкІейр зэрахъуэжІащ гъуэгу бгъуэшхуэхэмкІэ. Ардыдэмкіэ Европэм апхуэдэ щапхъэ ирагъэлъэгъуащ. Абы и мызакъуэу, щІыр хъей хъужыкъуэмэ, абы пэщІэтыфын хуэдэу унэхэр ухуэн зэрыхуейм и щапхъэ къагъэлъэгъуащ. Байша хьэблэм туристхэм я зекІуапІэ цІэрыІуэщ. Мыбы тыкуэнхэр, шхапІэхэр, нэгуэгъэзэужьыпІэхэр щыкуэдщ.

Апхуэдэу щыт пэтми, аттестацэ комиссэм Москва къыщыпригъэхащ гупым диІыгъа кандидат псори. «Лэжьакіуэхэм къагурыІуэркъым къекІуэкІхэр, улахуэхэр зэрырагуашэ щыкІэр, - къэхъуам теухуауэ жеІэ республикэм и Парламентым и депутат Куловэ Маргаритэ. - Сэ сызэрелъымкІэ, Урысейм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм къаугъэр и кІэм нэсу зэхигъэкІакъым икІи щытыкІэр зэтес ищІыжыну хуейуи зыкъыгъэлъэгъуакъым».

Разоренов Юрий арэзыкъым езыр зэрагъэкъуанщэхэмкІэ. Зэкіэ абы ректорым и къалэнхэр игъэзэщІэнущ. Хэхыныгъэхэр щІэрыщІэу мазэ зыбжанэ дэкІмэ ирагъэкІуэкІынущ.

Зэрытлъагъуфынущ, кьаугъэр ужьыхынукъым апхуэдиз зэманкІэ. Ар ефжапІэ нэхъыщхьэм и лэжьыгъэм зэран хуэмыхьуну пІэрэ?

«Аргументы и факты».

● Осетие Ищхъэрэ - Алание

ЕджапІэ нэхъыщхьэм и унафэщІыр хахыфыркъым

Кавказ Ищхъэрэ бгы-металлургие институтым ректор хэхныгъэхэр мэкъуэгъуэм и 29-м щекІуэкІащ. ауэ ипэжьІпІэкІэ ахэр къызэпаудащ. Вузым и къудамэ псоми къабгъэдэкІыу Іэ яІэтыну хуит ящІа делегати 125-м щыщу 68-м нэхъ къащтащ бюллетенхэр зэІагъэхьэмэ. Арати, ректорым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Разоренов Юрий и телъхьэу къэувар цІыху 54-рэщ. зыкъэзыгъэлъэгъуэжа, кафедрэхэм ящыщ зым и унафэщІ Максимов Руслан къыдэщІар щы къудейщ. ТекІуэн папщІэ Разореновым ирикъуакъым делегатипщІым я арэзыныгъэ.

ЕДЖАПІЭ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэм илъэсит1 ипэкІэ жаІэу щІадзащ иджырей ректорымкІэ зэрымыарэзыр. Гупым Урысейм и Президентми, УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Васильевэ Ольги, республикэм и Іэтащхьэ Битаров Вячеслави, РСО - Аланием и Парламентми зыхуагъэзащ Разореновыр ректорым и кьулыкъум трагъэкІыну ІыпІуэу. Лэжьакіуэхэр тхъусыхэрэт цІыхухэр зэрыІуагъэкІым, зэрыщІыгъэ зэрагъэзащІэхьэм кхыхэкІыу.

АпхуэдизкІи ІуэхуитІ ящІ: цІыхухэр зэрызэтриукІар, я Іуэху еплъыкІэм къытемыхуэ псори зэрыпкъуэ зэрыгъэзащ, нэгъуэщІ Іэджи. А псоми я къахэжаныкІащ Мюллер. Ауэ абы и гъащІэр адэкІэ зэрыхъуам теухуауэ ягъэхьыбарэр зэтехуэрэ. Пэжыр зыщІ: къаухъуреихьа Берлин 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м Мюллер щыпкърыуплІыхьащ Браун Евэ и малъхъэ Фегелейн Герман. Иужьрейм и щхьэр палъащ, къыщІэпхъуэжауэ ягъэжъуанщэри. Ауэ иужькІэ Мюллер и лЪуэжьыр мэкІуэд. Дэнэ здэкІуар гестапэм и унафэщІыр? Зыхуагъэфащэ псоми я нэхъ тлъыджэр... ар совет тІасхъэщІэх Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм ядашэха хуэдэу ягъэхъы-барырщ.

Апхуэдэу жаІэ хъуащ дэз тІасхъэщІэх Іуэхущ1апІэм и Іэтащхьэу щыта (1944 гъэм къыщыщІэдзауэ) Шелленберг Вальтер и гукъэкІыжхэр блэкІа лІэщІыгъуэм и 50 гъэхэм дунейм къытехьа иужь. Лэжьыгъэ Іуэхуитэ Мюллер быдэу пыщІауэ щыта абы куэдрэ зэхихащ ар Сталиным щытхъуу. Шелленберг и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Мюллер НКВД-м и хъым ихуащ 1944 гъэм икІи 1948 гъэр къасыху Москва щыпсэуащ. Ар пэжмэ, Шелленберг абы щІыгъуазэу щытамэ, щхьэ ибзыщІа?

Арщхьэкіэ, американхэм къызэрахутамкІэ, 1948 гъэр къасыху ар Швейцариием щыІэ уиз щыкІу гуэрым щыпсэуащ, а илъэс дыдэм ЦРУ-м зыпищІащ. «Зауэ щыІэм» ипэжьІпІэкІэ щІидзати, иужьрейр апхуэдэ Іэщ1агъэлі хуеинут. Мис ар нэхъ пэжынущ.

МИЛКИН Андрей.
«Война и Отечество» газет

● Китай

Ныбжьэгъу Цзянрэ ныбжьэгъу Сирэ

Китайм и компартым и ЦК-м и секретарь нэхъыщхьэ Цзэминь Цзян 2001 гъэм «Урысей Федерацэмрэ Китай Щ1ыхубэ Республикэмрэ ЗэгурыэныгъэфІу зэхущытыным, зэныбжьэгъуныным, зэдзлэжьэныным теухуа зэгурыІуэныгъэм» Іэ щытридзэм абы и пщІыхьапІэ кхъыхуакъым илъэс тІощІи нэхъ дэмыкІыну ар дунейм и къэрал 30-м судым щратыну. Хэбгъэзыхьмэ, езы Китайм цІыху мин 200-м щигъу судхэм щытхъэусыхащ абы залымыгъэ зэрыззрихьампапщІэ. Аэрр90гъэхэм КНР-мщыщІэрыІуэу щыта фалунгуН фІэщхъунигъэм тетхэр зэхэзехуэн зэращІам теухуащ.

Къудамитl

2012 гъэм Цзинпинь Си КПК-м и Іэтащхьэ хъуа иужь Китайм и партыр къудамитІу зэгуэкІащ. Илъэс 90 зи ныбжь Цзэминь Цзян зи пашэ къудамэм и пщІэр ехуэхыпащ. 1999 гъэм фалунгуН зэхэзыпІытІэну яужь ихьа а фракцэм къару гуэри иІэжьащ.

Иджырей унафэщІ Цзиньпин Си зи пашэ етІуанэ фракцэм мыльку ззэлъэфІэхэр лъэныкъуэ ирегъэз, Іулъхьэ къеІызыхэр кхъехутэ икІи и мурадщ цІыхухэр лажьэншэу зэхэзехуэн ящІыныр къызэтригъэувыІэну.

Псалъэм и хьэтыркІэ, 2013 гъэм и кІэхьым Цзыхубэ лІыкІуэхэм я китайпсо зэхуэсым (ВСНП) зэхущІыжащ лэжьаныкІуэ лагерь зыбжанэ. Абыхэм цхьэхуимытыу щалІытхэм я нэхъыбапІэр фалунгуН фІэщхъунытъэм тетхэр.

2015 гъэм Китайм суд реформэр щрагъэкІуэкІащ: иджыв къэралым и дэтхэнэ цІыхум и тхьэусыхафэми властхэр фІэкІынІэ имыІэу хэпІэн хуейщ. Китаидзэмрэ къарузехьэхэмрэ яІэщІэпІыжькъым уІэгъэщхэм я унафэр. ІэщіагъэлІхэм къаазральытэмкІэ, иджы китай дзэ къулыкъущІэхэм сату ящІыжыфынукъым цІыхум и кІуэщІым иль органхэмкІэ.

ВСНП-м и сессием къыщыщІапсалъэм КНР-м и Суд нэхъыщхьэм и унафэщІ Цян Чжоу жиІащ 2015 гъэм и закъуэ коррупцэм папщІэ къулыкъущІэ мин 49-м щигъум суд зэрыратащІыхьар. Абыхэм ящыщу 134-р унафэщІ лэжьакІуэ нэхъыщхьэхэщ. НэгъуэщІ жыпІэмэ, зыгъэувар езы Цзэминь Цзянщ.

Сыт зищІысыр фалунгуныр икІи сыт ар Урысейм нобэми щІыщІыдакъуэзэр?

Фалунгуныр «Пэжыныгъэ - Гуапагъэ - Шыпэныгъэ» щапхъэм тету хьэрэшым зыдегъэкІуэным тещІыхьауэ псэмрэ Іэпкльэпкъымрэ зэрыраГъэфІакІуэ пасэрей хабзэщ. Ар хущІокъу щхьэхуещагъэр, губжьыр гъэкІуэдыным, цІыхухэр фІым щІэпІыкІыным.

Урысейм КНР-мрэ зэращІыпІа Зэгурыіуэныгъэ ищхьэкІэ зи гугъу щытщІам и ІІ-нэ статьям дыкъыщодж: «Зэгурыіуэ лъэныкъуэхэм ящыщу зыми къитГэхъуныкъым езым и щІыналъэм Зыгурыіуэ лъэныкъуэм и суверенитетым, шынагъуэншагъэм, и щІыналъэр зыуэ щытыным зэран хуэхъу зэгугъэныгъэхэмрэ гупхэмрэ къыщызэрагъэпэщыныр». Ямылей гуэри хэлъ хуэдэкъым. Арщхьэкіэ Китайм фалунгуным тетхэр гущІэгъунэ дыдэу зэхэзехуэн зэрыщащІыр къэпльытэмэ, хьыбГуроІуэ а статьяр абы зэрыхуэгъэзар.

Езым и властыр игъэбыдэн папщІэ коррупцэмрэ залымыгъэмрэ тегъэщІапІэ зыщІа Іэпн, зэрыгурыІуэгъэщи, цІыхухэм ягу ирихьыртэкъым. Абы къыхэкІыу зэман дэкІри, фалунгуН фІэщхъунигъэр зэрыщІэрыІуэм щышынэ хъуащ. Арати, къэралым и конституцэр къызэпиудри, 1999 гъэм иригъэжьащ апхуэдизкІэ зэхэзехуэн ищІын: и мурадт а фІэщхъунигъэр игъэкІуэдыжьынэну. ЦІыхухэр зэтраукІэрт, тхьылъхэр ягъэсырт: 2006 гъэм дунейр щыгъуазэ хъуащ а фІэщхъунигъэм тетхэм я кІуэцІ къэрахьуэр зэращ.м. Мыгувэу ахэр нэгъуэщІ къэралхэми зэхэзехуэн щащІу щІадзащ. Арщхьэкіэ дунейм пщІэшхуэ хъущІхъащ а фІэщхъунигъэм. Къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм Фалунь Дафэ и махуэр цІыхубэ гуфІэгъуэу щагъэуващ.

ХъыбарегъащІэ агентствэхэм къатахэм хъахэтхащ.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Ар зэрыщытар

Мюллер нэгъуэщІт

«Семнадцать мгновений весны» фильмыр япэу ягъэлъэгъуа нэужь КГБ-м и лэжьакІуэхэм Броневой Леонид, гестапэм и Іэтащхьэм и ролыр зыгъэзэщІар, щыгъуазэ ящІауэ щытащ Мюллер Генрих ехьэлІа дэфтэр зыбжанэм. Иужькіэ Броневоим жиІащ: «А псори сщІауэ щытамэ, сэ а ролыр нэгъуэщІут зэрызгъэзэщІнур!» Зыми щэн къытрихьэркъым Мюллер и лэжьыгъэм фІы дыдэу хищІыкІыу зэры щытам, ар «къызэрыгуэкІ дадэ гуапэ цІыкІуу» зэрыщымытам.

И къекІуэкІыкІар

Мюллер Генрих 1900 гъэм Мюнхен пэгъунэгъу Пазинг къалэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Мюллер Алоиз (1875 - 1965) жандармерием къулыкъу щищІащ, арщхьэкІэ жыжьэ дэкІуеифакъым. Илъэсих и ныбжьку Генрих пэщІэдзэ школым кІуащ, ар къиуха иужь Крумбах къалэм дэт еджапІэм яшащ. Ешэ классэр абы къыщІиуха нэужь, ар къхъулІатэзехуэжэр щагъэхьэзыру Мюнхен дэт училищэм щІэтІысхьащ.

1918 гъэм и гъатхэпэм Генрих Къухьэпіэ фронтым зэрыгъэІущащ икІи абы щІэзэрихьа лІыгъэм папщІэ I, II нагъыщхьэр зиІэ гъущжор, нэгъуэщІ дамыгъэ зыкІэ ІыпІэжор къратауэ, вице-фельдфебелу 1919 гъэм мэкъуэгъуэм и 13-м дзэм къыхэкІыжащ.

И адэр лъалъэри, дыгъэгъазэм и 1-м Мюнхен къалэм и полиц Іуэхущ1апІэм ягъэувэ Генрих, 1920 гъэм шынагъуэншагъэмкІэ Іэнатіэм хагъэхьащ. Мыбдеж Мюллер щикъалэнт къэрал унафэхэм япэщІэуэ Іуэху еплъыкІэ зиІэхэр зыхэт зэгуэхьэныгъэхэм якІэлъыплъыну.

Зэрылажьэм хуэдэу ефжэуэ абы курыт щІэныгъэ зригъэгъуэтащ, занщІэуи полицым ассистент къулыкъуэр къыщыухуагъэфэщащ. 1929 гъэм ирихьэлІэу полицэм и офицер хъуащ. Абы и лэжьыгъэр зыхуэгъэзар коммунист зэщІэхъеенныгъэм пэщІэтыныр.

1933 гъэм рейхстагым мафІэщІадза иужь (фигу къэдгъэкІыжинщи, нацистхэм абыкІэ коммунистхэр ягъэкъуэншащ, иужькІи Германием и коммунист партыр лэжьэну хуиныту ягъэуващ, цІыхухэр куэду ягъэтІысу щІадзащ), коммунистхэм япэщІэтныныкІэ Іэщіагъэлі къалъытэ Мюллер Берлин яшащ. Мыбдеж япэу дыщрохьэлІэ «Германием щыщ лІыкІ хъыжьэ дыдэм» и къекІуэкІыкІам щыщ телъыджэжэм.

Щхьэр дэунэ̀эным хуэдэу дэкІуейрт

Гъэщ1эгъуэныр Мюллер «Пивэ путчым» жыджэру хэта нацистхэр къэзыльыхъуахэм зэращыщащ.

Сыт «Пивэ путчыр» зищІысыр?

1923 гъэм щэкІуэгъуэм и 9-м национал-социалист Гитлер Адольф рэ генерал Людендорфрэ зи пашэ ветеран зэгуэхьэныгъэр хущІокъуащ къэрал властыр иубыдыну. Мюнхен и Бюргербройкеллер пивэ ефапІэ абрагъуэм щрахьэжьа Іуэхущ1ыпсэ щІэзэтещхащ: полицэм игъэтІысащ путчым и къыззэгъэпэщакІуэхэр - Гитлер, Гиммлер, Гесс, Рэм сымэ.

Путчыр щызэхапІытІэм Мюллер политикэ полицэм хагъэхьащ икІи жыджэру яхэтащ нацистхэм ещанкІуэхэм. Иужьрейхэм ар ящыгъупщакъым, уеблэмэ, Гитлер хуатхащ гестапэм хахуным и мызакъуэу, Мюллер ягъэтІысыну хуагъэуву письмо. АрщхьэкІэ Мюллер къыщхьэщыжащ СС-м (СД) и дзэхэм шынагъэншагъэмкІэ я Іэнатіэм и унафэщІ Гейдрих Рейнхард. Абы и мызакъуэу СД-р 1934 гъэм гестапэм хьихьэжу Гейдрих полицэ щхьэм и Іэтащхьэ хъуа иужь Мюллер занщІэу къулыкъуэкІэ дэкІуеящ.

Ар телъыджэт: НСДАП (Германием и национал-социалист рабочэ парт) хэмыт цІыхур СС-м щыдокІуеи! Щ1ыдгъэжьынщи, илъэсит1 дэкІри, 1936 гъэм Мюллер обершТурмбаннфюрер (подполковникым похъу) къыфІаІащ, полицэм и обер-инспектор я ягъэув. НСДАП-м и мюнхен зэгухьэныгъэр аргуэру хущІокъуащ абы къакъуэпэщІэдз хуищІыну, арщхьэкІэ аргуэрри зыри кІыкІа-къым.

Ауэ Мюллер хьэкъ ящищІащ, партым къимыдэми, езым хуэдэ Іэщ1агъэлІхэр национал-социалист Германием къулыкъуэкІэ щыдэкІуеифыну зэрыщытар. Обер-инспектор Мюллер 1937 гъэм и щышылъэм зэуэ къулыкъуищкІэ дэлъери, обер-регирунгсрат хъуащ.

Мюллер партым щыхьыкъар 1939 гъэрщ икІи куэд дамыкІыу гестапэм и унафэщІу ягъэуващ (Гейдрих ищхьэкІэ дэкІуеящ, Германием шынагъэншагъэмкІэ и Іэнатіэм и Іэтащхьэ ящІри).

Псори къыхуэзгъурт

Сыт атІэ нацист идеологиемрэ НСДАП-мрэ къызэрыфІэмыІуэхум и мызакъуэу, и щІалэгъуэм нацистхэр зэхэзехуэн зэрищІари Мюллер къыщІыхуэгъуэр? Абы и закъуэтэкъым: Мюллер щІыуфэрэтэкъым Сталиныр зэ абы игъэува залымыгъэ хабзэмрэ зэрыдахьэхыр. Уеблэмэ, Сталиным и къэрал зехьэкІэм Мюллер хилъагъуэрт Дзэ Плъыжьым и текІуэныгъэхэмрэ Германиер зэрыхагъащІамрэ я щхьэусыгъуэхэр. Ауэ а псори кьыщыхъунут иужькІэт.

Иджыкіэ Мюллер и къару псор ирехьэлІэ экономикэм зыщІагъэкІуэн мурадкІэ концлагерхэр къызэІуахащ. Апхуэдизу і кьыгъэзэсэбэпырт дэтхэнэри ягъэтІысыну (езым и лэжьакІуэхэр хэмыту) гестапэм иІэ хуитыныгъэр. ЯгъэтІысахэр пІэхуКІэ ягъэпщІылІырт, я мылъкумрэ дыщэхэкІэмрэ къэралым Іэрыхьэрт. А псори хальхьэрт заузм хуэдэ экономикэм, а вермахтым Іэщэ ІэуужьыгъуэщІэхэр игъэунэхуным. Мы Іуэхум Мюллер тКІийуэ кІэлъыплъырт: концлагерхэм икІыу дыщэ Іэлъынхэр, дыщэдзэхэр, тхъэгъуэхэр, псы щІагъым елъэхэм ваКъэ щабжэр хуащІын кІэлъыплъ къэтэсэбэп цІыхубз щхьэцхэр, щІыр ягъэпшэрын, сабын къыхащІыкІын папщІэ хьэдзкэм кІыпкъраххэр зыхуэдизыр махуэ хъэс зригъащІэрт.

Мюллер апхуэдэу ищІэрт езым и унафэщІэкъм ефІэфкІэр. Къапщтэмэ, Гейдрихрэ тепщэныгъэр зыІэщІэлъ нэгъуэщІхэмрэ папщІэ къызэІуихат цІыхухэрэм я зэштеГъэупІэ «Салон Китти» унэр. Ар зэпымыууэ ягъэнщІырт яубыда Европэм ираша цІыхубзхэмкІэ. Гитлер пщыдэжьжь къэс щыгъуэ ящІырт езым и бльгущІэтхэм жащІыр зэрагъэкІуа щІыкІэм (ар хуейт ахэр псори сыт щыгъуи и нэІэ щІигъэтыну).

Москва хьэмэрэ Вашингтон?

Гестапэм ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щыгъуэ зэхищІыхьа базэхьэкІэм Мюллер хилъагъуэрт Дзэ Плъыжьым и текІуэныгъэхэмрэ Германиер зэрыхагъащІамрэ я щхьэусыгъуэхэр. Ауэ а псори кьыщыхъунут иужькІэт.

Иджыкіэ Мюллер и къару псор ирехьэлІэ экономикэм зыщІагъэкІуэн мурадкІэ концлагерхэр къызэІуахащ. Апхуэдизу і кьыгъэзэсэбэпырт дэтхэнэри ягъэтІысыну (езым и лэжьакІуэхэр хэмыту) гестапэм иІэ хуитыныгъэр. ЯгъэтІысахэр пІэхуКІэ ягъэпщІылІырт, я мылъкумрэ дыщэхэкІэмрэ къэралым Іэрыхьэрт. А псори хальхьэрт заузм хуэдэ экономикэм, а вермахтым Іэщэ ІэуужьыгъуэщІэхэр игъэунэхуным. Мы Іуэхум Мюллер тКІийуэ кІэлъыплъырт: концлагерхэм икІыу дыщэ Іэлъынхэр, дыщэдзэхэр, тхъэгъуэхэр, псы щІагъым елъэхэм ваКъэ щабжэр хуащІын кІэлъыплъ къэтэсэбэп цІыхубз щхьэцхэр, щІыр ягъэпшэрын, сабын къыхащІыкІын папщІэ хьэдзкэм кІыпкъраххэр зыхуэдизыр махуэ хъэс зригъащІэрт.

Мюллер апхуэдэу ищІэрт езым и унафэщІэкъм ефІэфкІэр. Къапщтэмэ, Гейдрихрэ тепщэныгъэр зыІэщІэлъ нэгъуэщІхэмрэ папщІэ къызэІуихат цІыхухэрэм я зэштеГъэупІэ «Салон Китти» унэр. Ар зэпымыууэ ягъэнщІырт яубыда Европэм ираша цІыхубзхэмкІэ. Гитлер пщыдэжьжь къэс щыгъуэ ящІырт езым и бльгущІэтхэм жащІыр зэрагъэкІуа щІыкІэм (ар хуейт ахэр псори сыт щыгъуи и нэІэ щІигъэтыну).

Москва хьэмэрэ Вашингтон?

Гестапэм ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щыгъуэ зэхищІыхьа базэхьэкІэм Мюллер хилъагъуэрт Дзэ Плъыжьым и текІуэныгъэхэмрэ Германиер зэрыхагъащІамрэ я щхьэусыгъуэхэр. Ауэ а псори кьыщыхъунут иужькІэт.

Иджыкіэ Мюллер и къару псор ирехьэлІэ экономикэм зыщІагъэкІуэн мурадкІэ концлагерхэр къызэІуахащ. Апхуэдизу і кьыгъэзэсэбэпырт дэтхэнэри ягъэтІысыну (езым и лэжьакІуэхэр хэмыту) гестапэм иІэ хуитыныгъэр. ЯгъэтІысахэр пІэхуКІэ ягъэпщІылІырт, я мылъкумрэ дыщэхэкІэмрэ къэралым Іэрыхьэрт. А псори хальхьэрт заузм хуэдэ экономикэм, а вермахтым Іэщэ ІэуужьыгъуэщІэхэр игъэунэхуным. Мы Іуэхум Мюллер тКІийуэ кІэлъыплъырт: концлагерхэм икІыу дыщэ Іэлъынхэр, дыщэдзэхэр, тхъэгъуэхэр, псы щІагъым елъэхэм ваКъэ щабжэр хуащІын кІэлъыплъ къэтэсэбэп цІыхубз щхьэцхэр, щІыр ягъэпшэрын, сабын къыхащІыкІын папщІэ хьэдзкэм кІыпкъраххэр зыхуэдизыр махуэ хъэс зригъащІэрт.

Мюллер апхуэдэу ищІэрт езым и унафэщІэкъм ефІэфкІэр. Къапщтэмэ, Гейдрихрэ тепщэныгъэр зыІэщІэлъ нэгъуэщІхэмрэ папщІэ къызэІуихат цІыхухэрэм я зэштеГъэупІэ «Салон Китти» унэр. Ар зэпымыууэ ягъэнщІырт яубыда Европэм ираша цІыхубзхэмкІэ. Гитлер пщыдэжьжь къэс щыгъуэ ящІырт езым и бльгущІэтхэм жащІыр зэрагъэкІуа щІыкІэм (

Щыхухэр къамыгъэпцІэн щхьэкІэ

● Фысакъ!

Урысей МВД-м Налшык къалэ округым щиІэ управленэм (УМВД) щекІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъэхьащ телефон гъэпцІагъэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным.



УМВД-м следствиемкІэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Мамрэш Амиррэ дознаниемкІэ и къудамэм и унафэщІ Ефэнды Айдамиррэ *(суэрэлы)* тепсэлъыхьащ бзаджащІэхэм щІэпхъаджагъэ Іэзыкуі телефоныр къызэрагъэсэбэп щыкІэмрэ апхуэдэ къэмыгъэхъуным теухуауэ езыхэм ящІэмрэ.

ЗэІущІэм хэтахэм къызэрыкагъэщащи, телефонкІэ нэхъ тыншу къахуэгъапцІэр зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ жыІэзыфІэщ цІыхухэмрэщ. Лей зытехьэхэм я телефоным къоІуэ я банк картэхэр зэрызэхуащІам теухуа хьыбар (СМС). Къэхъуам щІэупщІэну псэльэжа иужькІэ, гъэпцІакІуэм банкым и лэжьакІуэу къыжреІэ, Іуэхур зэфІахын папщІэ и картэм и идентификационнэ номерымрэ пин-кодымрэ яритыуи къольэІу. Аращи, ахэр яІэрыхьа нэужь, банк картэм илъ ахъшэр йокІуэдыкІ.

- Іэмал зэриІэкІэ, видеокІэлъэплъыныгъэм щІэт банкоматхэрщ къэгъэсэбэпын хуейр. УмыцІыхуми зыхуэбгъаазэ хъунукъым банкомат Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэхьныжмкІэ сэбэп къыпхуэхъуну, - жиІащ Мамрэш Амир.

ЦІыхухэр къамыгъэпцІэным теухуауэ Налшык къалэ округымкІэ управленэм зэхигъэуващ гъэпцІакІуэхэм къагъэсэбэп Іэмал пэсри зэпкърыхауэ къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ (памяткэ). Ар Управленэм дэлажьэ Жылагъуэ советыр щыІгъуу хьыджэру цІыхуухэм Іэрагъэхьэ.

УАРДЭ Жантинэ.

«Жэщгъуэлъ»

I

ЦІЫХУХЭР куэду щызэхуэс, ахэр уэру щыпсэкІу щІыпІэхэм, уэрамхэм, хьэблэхэм жылагъуэ хабзэр зэрыщагъэзащІэм кІэлъыплъ милиционерхэм махуэ кхуэхьакІ къалэнхэм къадэкІуэу, ныщхьэбэ нэгъуэщІ пщэрылъ гуэри къыщащІащ: къалэм дэт кхъэ кІуэцІым зыщаплъыхьын хуейуэ.

Абы щхьэусыгъуэ иІэт. Иужьрей зэманым цІыхухэм я тхьэусыхафэ зыкъом къэІурт, я адэ-анэ, я бын, я благъэ-Іыхьлыхэр зыщІэлъ кхъэр бзаджэнаджэ тІысыпІэ зэрыхъуам теухуауэ. Абыхэм жаІэрт: «ЕфапІэешхапІэ ящІыжауэ, хьэулей куэд мыбы щызэхуос. ЩІалэ зехьэбасэ зыкъомми къемызэгъ щалэжь».

- Мы къхъэм дыкъыщыхьэм пасэрей философ гуэрым жиІауэ щыта псалъэ Іущхэр си гум къэкІыжащ, - жеІэ гупым я пашэ лейтенантым, и гъусэ сержантитым захуигъаззу. - Абы жиІат: «Ажалым псори зэхуэдэ ещІыж - цІыхухэм, цІыхубзи, сабии, балигъи, къулеи, къулейсызи, къулыкъушІи, лжьакІуэхьи, лъагъугуэфІи, лъагъугуэеи, щІэпхъаджащи, Іэдэбу щытари».

- Дунейр зэрыхьэхэр, гува-щІэхами мыбы къызэрыкІуэжьнур ямыщІэу, хьэжьвакъэжьышхьу, Іэбжьанэ фІейуэ, мылъкум я нэр къыщхьэрипхъуауэ псэуэ нэпсей зыкъоми мыбы дэлъщ, - жеІэ сержант нэхъыжьым, лейтенантым и псальэм пищэу. - Дунейм утетыуэ, дауи, фІыщ екІуу, хуэщІауэ упсэуну, тыншу уи гъащІэр епхьэкІну, ауэ зэи зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым псори къызэрыпщІэныжьынур...

- Зэт, зэт! - гупым я нэхъыжь лейтенантыр зэщІэувыныкІащ, макъ гуэр зэхихри. - Зэхэфхро?..

ЕкІуэкІыу зи бгъуитІымкІэ къхъащхэ сатырхэр къыщыт гъуэгу бгъуэзм здрищхьэм хабзэхъужьмэр зэщІэувыІыкІащ, макъ къэІур нэхъ Іупщіу зэхахьн папщІэ.

Кхъэ кІуэцІым и ипщэрабгъу лъэныкъуэмкІэ къиІукІ макъыр щэІу е пырхъ макъыу щытрэ щымытрэ зэхэхьгъуейт. Ауэ гурыІуэгъуэт хьэ хьэулей гуэрым ейуэ ар зэрыщымытыр.

Мащэ зэпльыпІэхэм я зэхуакуэхэмкІэ дэкІ милиционерхэр гъунэгъу дыдэ хуэхъуащ макъыр къызэриІукІ щыпІэм.

- Жып уэздыгъэр щІэгъанэт! - жеІэ лейтенантым, нэхъ гъунэгъуу къыбгъэдэт сержантым зыхуигъаззу.

Уэздыгъэм идза нэхур занщІэу тридзащ кхъащхэ гуэрым бгъэдэлъу пырхъыжу жей цІыхухэм. ТепІэнэмшэм, курткэ пІащІэ гуэр фІэкІа щІэдзыну имыІэми, ар Іэфі дыдэу жейрт.

Милиционерхэм я псалъэмакъыр щызэхихьм икІи уэздыгъэ нэхур и нэгум щридзэм, ар гужьеныуэ къыщылъэтащ.

Хэт ар? Дэнэ къызэдикІар? Сыт хъэ кІуэцІым щІилъыр, зэрытракІутэжрэ куэд мыщІа мащэ щыІэм бгъурылъу?

II

КЪЫЩАЩЫМ цІыхухъум и гуфІакІэ жыпым къыдаха тетрадь пІащІэм гурыІуэгъуэ къыщІащ псори, езым упкърыпщІыхьыни хузмейуэ. Абы итт:

«Си щхьэгъусэм ткІийуэ къысхуигъэуващ: е сэ сыкъыхэх, е уи анэ ажалыфэр къыхэх - арыншамэ дэ тІур зы унэ дыщІэзэгъэнэжьынэ».

Узижагъуэным и пщэм апхуэдэ къалэн хьэлъэ къыдэхуэу. Ар Іейщ, гугъу дыдэщ. Сыт сщІэнур? Сыт жысІэнур? Согузавэ. СогуІэж. ЩхьэунаІэ сыхъуащ. Къысхуэгупсысыркъым жысІэнумрэ злажьынумрэ.

Си щхьэгъусэр къыхьэзохри, си анэр сфІэгуэныхьщ, сфІэпсэкІуэдщ. Гугъу дыдэ ехьу сэ абы сыкъилъхьащ, лъхугъэм илЫкІынкІэ шынагъуэ щыІэу. Бадзэ къыстримыгъэтІысхьэу сиплащ. Сригъэджащ, сихуэпащ, и кІэтІийр и вакъэпсу лажьэу. Зыми сригъэхьэпсакъым. КъыстегужьеикІауэ псэущ. ТІэкІу сыкъыщыгувэхэм деж гуэразэу ар щхьэгъубжэм Іутт. Насыпыншагъэ гуэр къысщыщІа и гугъэу жейм еэзгъэткъым, къикІуКІ-никІуКІыу утыкум итт.

Апхуэдащ сыщысабиям щыгъуи, балигъ сыхъуа нэужьи. Сыщыкъуаншэм деж абы псалъэ дыдж къызэпсэкъым, си гум иримыхь къызжиІакъым.

Зэ закъэущ къыщызжиІар. Ари къэшэн Іуэхум сыщыхьхьам щыгъуэщ. Си анэм къызиІуэкІат си нэм къыфІэна цІыхубзыр гунэс зэрыщымыхъур. Ар хуейтэкъым «Жэщ клуб» жыхуаІэ зэхуэсыпІэм къыщызгъуэта бзыльхугъэр щхьэгъусэ сщІну. Хуейтэкъым абы сригъусэну.

- ТІэунейрэ лЫ дэкІуа, щІэх дыдэуи абыхэм къыхьыфІадзэжа, уэ нэхърэ илъэситхукІэ нэхъыжь цІыхубзыр щхьэгъусэ пхуэхъунукъым, - къызжиІат си анэм, сиущийуэр. - ЗэрыжжаІэмкІэ, абы и анэри чыхум хэтащ. Иджыри хэтщ, япэ къэс цІыхухъум жэщгъуэлъ дэхъуу. Зи адэхэр зырыз и бынитІыр гъэса зэрыхъуным зэи еІэлІакъым. Хабзэ зэрылъ унагъуэкъым къызыкІэлъыбжьыхь цІыхубзыр къызыхэкІар. Ухуейкъым абы.

Хьэуэ, мамэ! Сэ абы сыхуейт, сытелІэрт, ситхьэкъуат, малъхъэдисым хуэдэу сызыщІишэрт! Ар щысльэгъум и деж сылъэтэным ещхьу сыхъурт, дамэ къыстекІам хуэдэу. Си гукъыдэжым занщІэу зыкъыІэтырт. Си лъакъуэхэр псынщІэу щІэкІырт, я нэхъ спортсмен жэрхэм сатеижьн хуэдизу. Си Іэпкльапкъэр жан дыдэ хъурт. СызэІэр къыгуэсчыным хуэдэу, къару лъэщ къыСхьхьэрт.

Абы сыщригуэсхэм деж хуиту, си тхьэмбылым щызу сыбауэрт. ГуфІэгъуэр си нэгум къищырт, дуней насыпыр сэ къызитауэ къысфІэщІыжу. КІэщІу жьпІэмэ, сльэкІынутэкъым ар къэзмышэн...

ЛьаГъуныгъэ гуащІэм итхьэкъуа, делэ ищІа сэ абы щыгъуэ мамэ жеІат:

- Сызэхъуэпса тхьэІухудыр къызумыгъашэмэ, зызукІыжьнущ, къуршыпс уэрым зыхэздзэжьнущ, бензин зытеСкІэжьнурэ зызгъэсьжьнущ е щыхэпльэ зысщІыжьнущ! - жыСІэри.

Абы иужькІэ си анэ тхьэмыщкІэм сыт ищІэжьнт? СыфІэкІуэд нэхърэ фІэмыфІ цІыхубзыр щхьэгъусэ сщІымэ нэхъ къищтащ...

Сщіамэ сыт?! Бэлыхь сыхэхуащ. Ди унэм хьэргъэшыргъэ, къэзэуат илъ хъуащ. Нэчыхь хуезгъэтха нэужь, занщІэу зыкъэзрыкІа си фызыр сыкъэзылъхуа си анэм езэгъыртэкъым. Ар бжэгъуу и нэм къыщІэуэрт. Абы ишхыр фІэкуэдт, ищІэр фІэмащІэт.

Уи Іэ-уи льэр къыбдэбзу, уи акъылым сэкъат имыІэу, щІалэгъуэ нывжьми уиту жыв хъуа уи анэр умыпІыжьнщ емыкІущ, хьэдзгъуэдзэхэщ, ухуейуэ щытмэ - щІэпхъаджагъэ.

Ауэ сэ схуэпІыжакъым: си фызымрэ щыкъу анэмрэ къыскІэрыхьыжьэри, си анэ тхьэмыщкІэр лІыжь-фызыжьхэр щаІыгъ интернатым ирызагъэтащ.

Нобэр къыздэсым си гум схуигъэхужькІыркъым «мыбы нэхъ ущытыншынущ, мамэ» жысІэу интернатым щеста махуэм, уи гур икъутэу, а насыпыншэр зэрыгъар. Ар мащІэрэ къыскудэлпъеят, и нэпс къыщІэлъэлъыр напэм кьежэхьу! ІэплІэ куэди абы къызишэкІат, къызэкІуэтэлІэжурэ. «Тхьэм насыпыншэ уимыщІ, си щІалэ», - жиІэурэ си щхьэм куэдрэ Іэ къыдильат...

Абы иужькІэ куэд дэмыкІыу зэанэзэпхъум сызыхашэжащ, си унэ тІэкІур залымыгъэкІэ сагъэщэжри.

Хьэрэм яхухъу си унэ уасэу яшхар, щыгъын, налкъутналмэс, дыщэжкІ лъапсей яращэхуу, сэхуСэплъ лъапІэкІэ яГъэкІуэду, хьэулеякІуэ ирикІуэу.

Си щыкъуэзм я деж щызгъэкІуэ гъащІэр дыдэт, хьэлъэт, лъэхъуэщым уисым хуэдэу. Сыщхьэхумыьтт. КъысхуащІ си унафэт. УнэІут жьхуаІэм хуэдэ дыдэ саащат, сыпщафІэ-сыжьыщІэу, бззэрхэм, тыкуэнхэм сыкІуэу, хьэлъэ къэІэтынхэр си пщэм къыдэхуэу. Абы щыгъуэми езы зэанэзэпхъур телевизор еплъу щылтт, сэхуСэплъ лъапІэхэр зыхалъхьэу щыст, зэгъусэу е щхьэхуэ-щхьэхуэу хьэулеякІуэ дэкІырт, сэ унэхъумэсу сыкІьаГъанэурэ...

Гугъуц адэ-анэ уимыІэжу, къыбдалъхуа щымыІэу, щІэблэ умыгъуэтауэ (щхьэхуиту иджыри дунейм дытегъэт, бын Іуэху дыхьэмыту жиІэрти, си сфышэм сабий гугъу хуэсщІу идэртэкъым), узыбгъэдэс фызым и гуапагъэ, и гулыитэ умылъагъуу дунейм утетыну. Гур пІейтейщ. Псэр тыншыркъым. Уи щхьэр здэпхьынур пщІэркъым.

Апхуэдэхэм деж сэ интернатым сыкІуэурэ сэ анэр сльагъурт. Абы сыбгъэдэст, сыдэуэршэрт, зэрыСхуэзфІэкІкІэ тезгъэурт, и гур фІы хуэсщІырт.

И Іизыныншэу унэм сызэрыщІэкІыр, си анэр здэщыІэ интернатым сызэрыкІуэр къэзыщІа си щхьэгъусэр Іэл фІыцІэу къызэкІуэкІащ. И анэр къыдежьуэ абы къыспиуфыдыу щІидзащ лъагъунлъагъу си анэм и деж сызэрыкІуэр. Хьэргъэшыргъэ зыкъом абы щхьэкІэ сыхэтащ. Дыззрышхащ, дызэрыІащ. Псалъэ бзаджэ куэд зэжеІащ. ДыщызэфІэна махуэ гуэрхэм ящыщ зым си щхьэгъусэр къызэбгат:

- Мы уи анэ ажалыфэр лІэнуми зэ лІащэрэт! - жиІэу.

Ди тхьэІ! Абырэ си щыкъу анэмрэ я хъуэпсапІэр мыгувэу къайхъулІащ: куэд дамыкІыу си анэ тхьэмыщкІэр дунейм ехыжащ. Хэт и фІэщ хъун, ауэ ар щыщІалъхьэм зэанэзэпхъур кхъэм нэкІуакъым, къысхуэгузэвакъым.

А псом яужькІэ сэ абыхэм сахэсыжыфакъым: си щхьэр щІэсхьэри, сыкъежьэжащ, си лъэм сыздихьым сыкІуэу. Си лъэм сыздихьар сыкъыщалъхуа къалэм дэт кхъэр аращ. Абы си анэр щІэлщ.

Махуэ зыбжанэ хъуауэ сэ абы и кхъащхьэм сыбгъурылъщ, и хьэкъыр, и щІыхуэр сыпшынысж къысфІэщІу. КъысфІощІ си гум хуэ зигъэпсэжу, си псэр тІэкІу нэхъ тынш хъужащ. Попов Андрей».

III

ИРАТЫЖА дэфтэрыр и гуфІакІэ жыпым ирилъхьэжа нэужь:

- КъэІэ, хьуну щытмэ, зи гуэныхь зыкъом стеІ си анэм и кхъащхьэм иджыри сыбгъэдэвгъэлъ! - къэлъэІуащ Андрей, и нэпс къекІуахэр ІэдакъэкІэ щІилъэщІыкІыурэ. - Сэ абы зыщызгъэнщІыжырэкъым.

Милиционерхэм абы жэуап иратыжакъым. Ауэ ціыхухъум и гугъу ямыщІу ахэр зэрыІуэкІыжам къикІырт: «Уэзрыхуейщ».

ЛІЫГЪУР Чэрим.

Къубэ-Тэбэ щыщхэр токІуэ

2002 - 2003 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщІэхэр хэту Бахъсэн районым футболымкІэ зэхьэзэхуэ щекІуэкІащ Къубэ-Тэбэ къуажэм щыщхэу КъуэщІысокъуэ А., КІасэ Ю., Хьэмыкъуэ Хь., Токъан А., Ныбжьк Хъ., Гвинцадзе Д. сымэ я фэеплъу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къызэригъэпэщащ Бахъсэн муниципальнэ районым и администрацэм. Абы и мурад нэхъыщхьэт щІэблэр хэкупсэу, узыншэу кьэгъэзэхьуныр.

Бахъсэн муниципальнэ районым и пресс-Іуэхущ1апІэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, зэпеуэм хэтащ щыналъэм и куэт яджаІэхэм я командибл, щыхуи 100-м щІигъу къызэщІаубыдэу. Ар дахэу, узыІэпыэшэу екІуэкІащ.

Бэнэныгъэ гуащІэм и ужькІэ наІуэ хъуащ Къубэ-Тэбэ къуажэм и ныбжьыщІэхэр псоми зэрефІэкІар. Абыхэм какІэлъэкІуэ Куба къикІахэмрэ Къулъкъужьи Ипщэ щыщхэмрэ.

Зэхьэзэхуэм щытекІуахэмрэ къыщыхэжаныкІахэмрэ гуфІэгъуэ щытыкІэм иту щІыхь тхылъхэр, кубокэр, саугъэтхэр иратащ.

ТЕМЫР Дисанэ.

● Футбол

Кубокым адэкІи щІобэн

«Ангушт» (Нэзрэн) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:3 (1:2, 2:2, 0:1). Нэзрэн. «Центральный» стадион. Щыщхьэуі1ум и 8-м. ЦІыху 500 еплъащ.

Судьяхэр: Ермаков (Краснодар), Хатуев (Грознэ), Образкэ (Ставрополь).

«Ангушт»: Хамхоев, КІыщ, Гитинов, Аушев, Газдиев Ил., Парчиев (Албогачиев, 70), Нурахмедов, Ахильров Ал., Далиев, Къуэн З., Янурсаев (Алиев Б., 59).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн Б., Белюкаев (Миронов, 85), Шахтиев, Муслуев, Абазэ, Магомадов, Пащты (Михайленкэ, 55), Медников (Гугуев, 72), Мэшыкъуэ Хь.,Ахриев (Захарченкэ, 62), Алиев Р. (ПІуп, 70).

Дагъуэ къыхуащІащ Пащтым.

Толхэр дагъэкІащ: Ахриев, 30 (0:1). Муслуев, 33 - езым и гъуэм (1:1). Алиев Р., 36 (1:2). Къуэн З., 79 (2:2). Гугуев, 96 (2:3)

УРЫСЕЙМ футболымкІэ и Кубокыр къэхьыным екъэлІа зэІущІэкъуэ жыджэру йокІуэкІ. Ингуш Республикэм хьихьэ Нэзрэн къалэм ышщхьэуІум и 8-м щызэхэтащ финалым 1/64-нэ Іыхьэр. Абы щызэпэщІэтащ щыІпІэ «Ангушт»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ».

ЗэІущІэм и пэщІэдзэ дакъикъэхэр хэгъэрейхэм нэхъ жыджэру ирагъэжьащ. ЩІэх-щІэхьурэ ебгъэрыкІуэ пэтми, хуэфэщэн кІэух яхуемыгъэгъэтыжурэ япэ Іыхьэм и ныкъуэр блэкІащ. Нэзрэндэсхэм я джэгуКІэм зыщыізыгъэгъуэза ди щІалэхэм контратакэхэр къызэрагъэпэщу щІадзащ. Абыхэм ящыщ щым къыщыхэжаныкІыну Іэмал хъарзынэ иІащ Мэшыкъуэ Хьэчим. «Ангушт»-м и гъуащхьэхъумэхэм яІэщІэкІыу штрафнойм илъэда ди гъуащхьэжьмэнкъуэм топыр налшыкдзэхэм я футболистхэм тэмэму къаритыфакъым.

«Спартак-Налшыкым» и ерыщагъым куэд дэмыкІыу екъуІэнэныгъэ къыхуихьащ. Гупышхуэу илэкІэ кІуэта налшыкдзэхэм ящыщАхриев Хьэсэн хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуащхьэтетым и пащхьэм къыщихутэм, топыр Іэззу абы щхьэпридзри, бжыгъэр къызэІуихащ - 0:1.

Тепщэныгъэр псынщІэу зыубыдыжыну хуущІэкъуу къызэщІэуІуэ хэгъэрейхэм щІэх щІэхьуэ ящІыжащ. ХьэщІэхэм я штрафнойм къыщыхъуа зэрызехьэм хэту Муслуевыр топым щеуэм тецІэфтащ икІи абы пэмыплъа ЩоджэнЫм зыри хуещІэжакъым - 1:1.

Дакъикъищ дэкІауэ арат ди щІалэхэр япэ щищыжам. УповойкІэ къата топым псом япэу нэсщ, нэхъ лъагэу далъэйри, Алиев Руслан щхьэкІэ еуащ икІи топыр гъуэм дыхьащ - 1:2.

ЗэпэщІэтыныгъэм и етІуанэ Іыхьэр нэхъ кІащхъэ хъуащ. Хуабэм игъэмэха футболистхэм псынщІагъэ яхэпъыжтэкъым, атІэ штрафнойхэр къызэрагъэсэбэпыным яужь итт. Апхуэдэхэм ящыщ зым екъуІэныгъэ къахуихьащ зэгъэрейхэм. 80-нэ дакъикъэм Къуэн Заурбэч бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ - 2:2.

Топ дагъэкІам гугъущІэхэр къызыхилъхьэжа нэзрэндэсхэр ерыщу ипэкІэ кІуэтэу хуежьащ, арщхьэкІэ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэхэм ахэр яблэкІысфыртэкъым.

ЗэІущІэм хуэхаа зэманым къыщІагъуа ІыхьитІым нэхъ пщыщІэ щызэхэкІащ. Япэ Іыхьэм зэрыщІидзэрэ дакъикъих нэхъ дэмыкІауэ ди щІалэхэм текІуэныгъэр къахуэзыхьа топыр Гугуевым дигъэкІащ - 2:3. Адрей къэнэжа зэманыр «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм гугъущэ зрамыгъэхьу бжыгъэр яхьумэжыну яхуэзфІэкІащ.

Урысейм и Кубокыр къэхьыным и финалым и 1/32-нэ Іыхьэм хьихьэ зэІущІэу щыщІэхэлъэІуІум и 23-м екІуэкІынум «Спартак-Налшыкыр» Новороссийск и «Черноморец»-м щыпэщІэтынущ. Финалым и 1/64-нэ Іыхьэм ар 2:0-у «ІэфІыпс»-мефІэкІащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● КъБР-м и прокуратурэм

Лейзехьэхэр ирешынэ

Республикэм и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Іэ щІидзащ КъБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуищым яхуэгъэзауэ къыщІэуІуаха уголовнэ Іуэхумкі Іэ тхылъым. Ахэр яГъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 286-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм и «а» пунктым къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэ зэралэжьам къыхэкІыу (я къулыкъур къагъэсэбэпу лей зэрызэрахьам папщІэ).

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, хабзэр къызэпаудри, зыхуэдэкІэ ику ит хьэлъагъэу къалъытэ фэбжь абыхэм цІыхухъум традзащ. Лей зытехьам тхьэмахуищым щІигъукІэ зригъэІэзэн хуей хъуащ.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, щІэхэпльэн щхьэкІэ, уголовнэ Іуэхур судым иратащ.

ЗохащІыхьам папщІэ, дэтхэнэми тутнакъыу илъэси 10-м нэс къеХь, апхуэдэу илъэсищым нэбгырабгъэкІэ къулыкъу хэха иратыну е лэжьыгъэ пыуыхьІа ирагъэкІуэкІыну хуиткъым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Адэжь щІыналъэ

Сыт хуэдэ зэманми дахэщ Шэтхъурей гуэлыр. Ар Къэрмэхьэблэ къуажэм пэгъунэгъущ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щыщхьэуІум и 12-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі э - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап зхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3, 5-нэ нап.), корректорхэм я дэлэпкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерхэр газетым и теплэр яІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.490 ● Заказ №1005